

Organic conservation farming booklet

By Bornface Matimba



(FPC property)

MAVAMBO

Mavambo

Kurima nekufuya ndiwo musimboti we upenyu wevarimi vazhinji munyika yeZimbabwe. Hupfumi hwe nyika ye Zimbabwe hwakanyanyo batira pakurima nekufuya uye tikatarisa ruzhinji rwevanhu vemu Zimbabwe varimi. Mukurima umu ndimo murikubuda zvinhu zvino zoenda kune mamwe ma indasitiri kuti pazobuda midziyo yakasiyasiyana. Vagari vazhinji vemu Zimbabwe mabasa avo mazhinji arimune zvekurima kunyange zvavo vakawanda vacho vari varimi vadiki (small scale farmers). Nyaya inosuwisa manje pane kurima kurikuitwa mumatunhu akasiyanasiyana aya, ndeyemarimiro avarikuita. Zviwanikwa zvedu zvave zvisoma kuti basa redu rekurima rinyatso fambira mberi. Uye zviwanikwa zvisoma zvacho zvatiinazvo hazvisi kubatwa zvakanaka neruzhinji apo zvichiderera muuwandu. Semuenzaniso masango arikupiswa gore negore, ivhu richikukurwa richienda gore rogaroga.

Nerimwe diviwo uwandu hwevanhu huri kuwedzera. Kuti tirege kuyeuka bako taniwa nemvura ino ndiyo nguva yekutanga kuongorora marimiro atinoita kuti tione kuti ari kuchengetedza zviwanikwa here. Tikasarudza kuisa zvitanda munzeve tinogona kuzoyeuka bako mvura yatinaya.

Bhuku rino rinoedza kuburitsa nzira dzakatikuti dzatinga tevedzwa kuitira kuti marimiro edu arege kukanganisa nharaunda yatigere uye zviwanikwa zvedu zvisa parara. Ishuviro yedu yekuti tikwanise kuramba tichirima tichikohwa goho rakakura uye kuti vazukuru vedu vazokwanisawo kurima pataimborima isu, asi vachiwana goho ravowo rakanana. Tisakanganwa kuti tika chengetedza nyika, nezviri mairi, nesu ino tichengetawo.

Mazwi Okutenda

Munyori Bornface Matimba akabatanidza magwaro ezvanga zvadzidza varimi ve Organic Conservation farming varikurima vari mudunhu re Mashonaland East. Kubatanidza zvidzidzo uku kuti rive bhuku kwakaitirwa kuti varimi pavanopinda mumunda vachiita basaravo rekurima vachishandisa zviwanikwa zvakavakomberedza vange vaine magwaro anovaritidza gwara remarimiro anoenderera mberi uyekuti kana vaine zvavakanganwa bhuku iri riva yeuchidze pamwe nekubatsiridza basa ravo. Tarisiro yangu ndeyekuti bhuku rino richabatsira murimi wose asanganidzana naro, anogona kuve ari muchirongwa che Organic Conservation Agriculture kana kusavamo. Chakanyanyo kosha ndechekuti zviwanikwa zviri kupera kana kuparara hazvisi zvevarimi vadiki veku Mashonaland East chete asikuti murimi wose ari muZimbabwe nedzimwe nyika.

Ndibvumireiwo kupa chipo chekutenda kuna mukoma Jerry Kudakwashe avo vakabatsira kuisa bhuku rino mururimi rechishona. Ndozotenda vashandi veFambidzanai permaculture training centre vakaita zvakasiyanasiyana zvandisinga kwanisi kudoma ndikapedza kuti bhuku iri rizobuda. Handingasiyi mubatsiri mukuru George Maclister anoshandira Garden Africa vanova ndivo varikuchaira basa kuti rifambe mune zvemari. Regai ndipedzisire nevarimi vose veMashonaland East province vakauyakuma wokishopu akasiyanasiyana atakaita akonzeresa kuti bhuku iri rizobuda.haiwa ndinokutendai varimi.

Ndopedzisira nokutenda amai vangu vaigaroit “Mwanangu enda kuchikoro”
Ndinokutendai nekukurangarirai Amai.

Zviri Mugwaro

Rudzi Rwebhuku Rino

Bhuku rino rakagadzirirwa kuzobatsira vashandi vanoshandira mumaruva kubatsira varimi kurima vachishandisa zviwanikwa zvakavakomberedza. Rakagadzirirwawo varimi varikurima vachichengetedza zviwanikwa kuti vawane chokutsamira pavanoenderera mberi nebasa ravo rekurima vachishandisa zviwanikwa zvakavakomberedza.

Bhuku rino harina kugadzirirwa vaye vanongotaura pasina chavari kuita kwete, ndire varimi nevarimisi vaneshungu dzekuti matunhu avo abudirire mune zvekurima tichishandisa zvakatikomberedza.

Mubhuku rino mune zvikamu gumi nezvishanu naizvozvo murimi anogona kusarudza kushanda ne chidzidzo chimwe kana kuzvisanganisa. Chimwe chinhu chakanyanyo koshera bhuku rino ndechekuti rino batanidza ndima dzose dzakakosha mukurima tichishandisa zvakatikomberedza.

Zvidzidzo zvirimubhuku rino:

1. Kukodza ivhu
2. Kudzivirira udyi nezvirwere
3. Kurima semhuri tichitora kurima se bhizimusi
4. Kurima tichichengetedza
5. Rudzidziso rwerumutso (training for transformation)

Nzvimbo Yemashonaland East

Nzvimbo ye Mashonaland East inzvimbo irinechekumabvazuva kwenyika yeZimbabwe. Nzvimbo iyi yakakomborerwa nekuti mairi munowanikwa ivhu, mvura nemasango akasiyanasiyana, izvizvinopa kuti munharaunda iyi muiitwe mabasa akasiyanasiyana ezvekurima nekuchengeta zvipfuyo. Nzvimbo iyi inonaya mvura dzakasiyana-siyana kubva pa 450mm pagore kusvika kuma 1000mm. Kupisa ne - kutonhora kwenzvimbo yeMashonaland east kuno bvira pa22 kusvika pa 40°C zvichisiyana nenzvimbo. Varimi vazhinji vemudunhu iri vanorarama nekurima nekufuya vachizotengesa goho ravo mumataundi anoti Marondera, Chivhu, Mutoko, Murewa pamwe ne muHarare. Kune varimi avo vanotengesa, vazhinji vanorima muriwo, chibage, nzungu, mabhatanati nezvimwewo. Tinoona kuti chironywa che organic conservation farming chisati chasvika munzvimbo ye-Mashonaland East varimi vazhinji vairima mbesa shoma shoma. Ikozvino nekurudziro yavakawana pamwe nekudzidza vave kurima mbesa dzakawanda dzakasiyana siyana kuitira kuti mwaka yadai kuchinja irege kuvarasisa.

Nerimwe divi tinoona kuti masango enzvimbo iyi apera kutemwa munedzimwe nzvimbo hamusisina kana masango. Vanhu vanotema vachida huni pamwe nemapango. Vamwe Madzishe munedzimwe nzvimbo vavekutosvika pakuripisa vanhu vavo kana vakavaona vachitema miti uye kupisa masango. Kusisa masango ndicho chimwe chirwere chaparadza zviwanikwa zvakawanda, zvipfuyo zvavo nerimwe divi zvirikuparadza zviwanikwa nekuda kwekushaya ruzivo kwavarimi. Nerimwe divi nzizi dzawo dzakawanda hadzisisina mvura nekuda kwemarimiro asina kunaka. Nekuda kwekuti ivhu harichakwanisi kupa goho rakanaka varume vazhinji munzvimbo iyi vave muma taundi kundo tsvaga basa kuti vakwanise kuriritira mhuri dzavo. Izvi zvakabatsira kuparadza dzimba dzakawanda, kuburikidza nezvirwere zvepabonde nezvimwewo. Madzimai ndivo vasara nemutoro wekuva nechokwadi kuti vana vawana chokudya vasati varara. Kuburikidza nezvidzidzo zviru mubhuku rino, tinoda kuedza kudzoreredza chinyakare chedu. Kuva nechokwadi kuti marimire atirikuita haasi kuzoenderera mberi achikanganisa nekuparadza zviwanikwa.

**Ndimba Chokutanga
Kurima Tichishandisa Zvakatikomberedza
(Organic Farming)**

Zvinangwa Zvechitsauko

- ü Kuti tinyatsoziva zvinoreva kurima tichishandisa zvakatikomberedza
- ü Kuziva zviwanikwa zvingashandiswa
- ü Kuziva zvakakoshera kurima tichishandisa zvakatikomberedza
- ü Kuziva zvitevedzwa zvekurima tichishandisa zvakatikomberedza
- ü Kuziva zvakanakira kurima tichishandisa zvakatikomberedza

Nhangaruvanze Munezvekurima Tichishandisa Zvakatikomberedza

Kurima tichishandisa zvakatikomberedza, hatingati inzira itsva yekurima nayo, marimiro aya akgara ariko achiitwa nevakuru vedu asi kuti hapana zvinyorwa zvaichengetwa pamanyorero aya. Nyikawo dzakatikuti dzekunze kwe Africa dzaitawo marimire iwaya ekushandisa zvakatikomberedza asi mutsauko muhombe nesu vemu Africa waiva wekuti ivo vainyora pasi basa ravo ravaiita mukurima vachishandisa zviwanikwa zvakatikomberedza. Sevrimi tine marimiro akasiyanasiyana atinogona kuita asi, tinofanira kufunga kuti remangwana redu rinchamira sei kuburikidza nemarimiro atinoita. Ngatizivei kuti vana kana vazukuru vachatevera vanodawo ivhurakapfuma, kuona masango akasiyanasiyana aripo, pekugara pakanaka, kuwana pundutso kubva mubasa ravo remaoko zvichiburikidza nekurima. Nekudaro kune marimiro akasiyanasiyana atinogona kurima tichishandisa nzira dzakasiyanasiyana. Dzimwe dzacho dzinogona kukuvadza ivhu pamwe nehupenyu hunowanika mariri.

Dudziro Yekurima Tichishandisa Zvakatikomberedza

Marimiro ekushandisa zvakatikomberedza anodudzirwa senzira yekurima nayo inochengetedza ivhu, hutano hwe zvole zvinorarama tisinga kanganise nharaunda uye tichishandisa zviwanikwa zvakatikomberedza.



Tisakanganwa kuti zvinhu zvizhinji zvatiinazvo zvinobva munharaunda

ZVITEVEDZWA ZVE KURIMA TICHISHANDISA ZVAKATIKOMBEREDZA

Kuti kurima tichishandisa zvakatikomberedza kunyatso buda zvakana, tine zvitevedzwa zvatinoanira kutevedzera. Muchaona kuti muri akazvitevedzera nemazvo, kurima kwake achishandisa nzira iyi kunova nyore.

Izvi ndizvo zvitevedzwa zvatinoanira kutevedzwa kana tafunga kurima tichishandisa zvakatikomberedza.

a) Kuchengetedzwa kwe nharaunda

Tarisiro iripo ndeyekuti murimi arikuda kurima achishandisa zvakatikomberedza anofanira kurima achichengetedza nharaunda. Kurima kwomurimi anorima achishandisa zviwanikwa zvakamukomberedza haafaniri kukanganisa nharaunda yaagere kana yaanoshandisa nechero nzira. Kana tichiti nharaunda tinoreva zviwanikwa zvinosanganisira miti, huswa, ivhu, mhengo, mvura nezvimwewo.

b) Kuchengetedzwa kwe utano, hunaku uye kuenderera mberi

Chitevedzwa ich ndiwo moyo wekurima tichishandisa zvakatikomberedza. Marimiro aya anofanira kukwanisa kuzvibatsiridza kuti kurima uku kurambe kuchienderera mberi. Marimiro emurimi anorima achishandisa zvakatikomberedza anofanira kuva nechokwadi chokuti haakanganisi utano hweivhu, vanhu kana vatengi, utano hwe zvitumbuyu zvimwe zvisikwa zvinorarama. Izvi zvinokwanisika chete kana goho rinowanikwa rikave risina chefu, uye kusashandiswa kwe chefu muivhu kana pakufirita tutumbuyu mumbesa dzedu.

c) **Kugoverana**

Kurima tichishandisa zvakatikomberedza kuno kurudzira kupanana zviwanikwa; dzingava mbeu, manyowa kana chero zviwanikwa zvingabatsiridza kusimudzira goho remurimi. Varimi vanogona kugoverana zvakare ruzivo mukurima zvakasiyanasiyana. Kurima tichishandisa zvakatikomberedza kuno koshesa ruzivo rwo munharaunda uye kupanana mikana yakaenzana pabasa.



Ngatigoverane kana takohwa pahombe

Zvakakosha Mukurima Tichishandisa Zvakatikomberedza

- ü Kuchengezedzwa kwekudya kurimuvhu kuburikidza nekuramba murimi achiwedzera kudya kurimuvhu kuburikidza nekuwedzera maorera. Izvi zvinokwidziridza upenyu huri muvhu kuti hurambe huchi shanda ivhu redu kuti rinyatsoorera.
- ü Kuwandudza tusauti (nutrients) muvhu kuburikidza nekudyara mbesa dzinoisira kudya muvhu uye kuodzwa kwemararaose anobuda mubindure.
- ü Kuongororwa kwemasora kuti asasvika pakutumbuka nekudakwekuti anozowanda, kudzivirirwa kwezvimbuyu zvinodya mbesa kuburikidza nekuchengeta shamwari dzomurimi, kusanganisa mbesa uye kurima mbesa dzakawanda wanda.
- ü Kuchengezedza nekushandiswa kwezvipfuyo kuitira kuti zviabatsiridze mukurimwa kwembesa dzedu.

Mhando Ina Dzekurima Tichishandisa Zvakatikomberedza

1) Kupfumiswa kweivhu

Ivhu rinoshandwa nemurimi anorima achishandisa zvakatikomberedza rinofanira kuve rashandwa zvemhando yepamusoro kuti rikore. Ivhurakakora rinotipa mbesa dzakasvika. Nzira dzakasiyanasiyana dzokupfumisa ivhu dzichatsanangurwa muzvikamu zvinotevera.

2) *Kudzivirira hudzi ne zvirwere mumbesa dzedu*

Tinogona kurima zve-mandorokwati asi kana tikakonewa kudzivirira udyi nezvirwere samba redu varimi rinoperera pasi. Mukurima tichishandisa zvakatikomberedza hatimiriri kuti hudzi kana zvirwere zvitange zvawanda. Kazhinji kazhinji tinozokurirwa neudyi kana zvirwere.



caterpillar

3) *Kuchengetedzwa nekukohwiwa kwemvura*

Mvura ndiwo musimbote wekurima kwose kwatingaita, hapana mbesa dzingakura kana pasina mvura. Nokudaro mvura inofanira kukohwiwa pamwe nekuchengetedzwa. Nzira dzakasiyanasiyana dzekukohwa nadzo dzichatsanangudzwa muzvikamu zvinotevera.

4) *Kuchengetwa Kwezvipfuyo*

Kurima tichishandisa zviwanikwa zvakati komberedza ihochekeche. Nekudaro murimianokurudzirwa kuti achengetewo zvipfuyo mukurima kwake kwaachaita. Zvipfuyo zvinobatsira kuderedza hudzi uye kuti manyowa ekushandisa mukurima akurumidze kuvepo.

KUPETA NDIMA

Kana tikatevedzera mbambo idzi dziri ina kudai, marimiro edu ekuchengetedza zviwanikwa pamwe nekuzvishandisa anonyatso buda zvakanaka.

Ndimba Yepiri: Kukodza Ivhu

Zvinangwa Zvedu Muchidzidzo Chekukodza Ivhu

Patinopedza kuverenga chidzidzo ichi tinofanira kuve tavekuziva kuti:

- ü Chinangwa chekukodza ivhu ndechei
- ü Makodzero atinotwa ivhu
- ü Machengetedzero evhu
- ü Magadziriro emaorera(compost)
- ü Magadziriro emanyowa emvura(liquid manure)
- ü Marasikiro anoita kudywa kwe chembesa muvhu
- ü Kudywa kunodiwa nembesa nema zvinowanika

Nhangaruvanze

Ivhu rakapfuma ndiwo musimbotei wemurimi arikurima ashishandisa zviwanikwa zvakanomberedza. Hongu tingarima zvedu tichishandisa nzira yekushandisa zvakanomberedza asi kana ivhu redu risina kudywa kwakakwana tinenge tichitambisa nguva yedu yakakosha nekuda kwekuti hapana chinobuda. Ivhu ratinorima munharaunda dzedu rakasiyanasiyana nekudaro rinoda kushandwawo zvakanomberedza zvichienzaniswa nenzvimbo yatiri.

Ivhu Inova Nhaka Yedu Chinombove Chii?

Ivhu ringatsanangudzwa semusanganiswa wezvinorarama, maodzwa, mhope, mvura netusauti (minerals) zvose izvi zvabatanidzwa ndiro rinonzi ivhu. Ivhu rinorarama nekuda kwekuti rinopa upenyu kuzvipukanana nembesa dzedu. Ivhu rinobva mukudambuka kwematombo epasi asi zvichitora nguva kuti risvike pariri nhasi.

Zvaka Batsiridza Kuti Ivhu Rizovepo

1. Mamiriro ekunze

Kutonhora kana kudziya kwekunze uye kunaya kwemvura kuno batsira kuti ivhu rivepo. Kana kunzekuka dziya kwobva kwazotonhora kana kunaya, izvi zvinopa kuti matombo atsemuke. Uku ndiko kutanga kugadzirika kunoita ivhu. Kunayawo kwemvura kunoita kuti panenge pachiitika gukuravhu, matombo anenge achirovana izvi zvakuti ivhu rigadzirwe. Asinerimwe divi rimwe ivhu rinenge richitorwa negukuravhu.

2. Dombo repasi

Ivhu rose ratinoona kana ratinorima nhasi uno rakabva pana amai varo rinove dombo riripasi. Izvi zvakaitika kwemazana akazanirana emakore. Nekudaro mhando yevhu ratinaro mumunda medu rinoenderana nedombo repasi rinove amai vevhu ratinaro kana kuti ratinoshanda panharaunda dzakasiyana siyana.

3. Zvinorarama kana tunorarama mariri


Hupenyu huri muvhu kana kuti zvinoraramawo mariri zvinobatsira kuti ivhu rivepo nekuti zvimwe zvinofa zvoora, nekudaro zvinobva zvawandudza ivhu. Uye midzi yemiti ikapindawo pakati pematombo kusvika atsemukatsemuka zvinowandudza ivhu. Zvimwe zvitumbuyu zvinitora mashizha netutanda twe miti zvichimaisa muvhu, kana zvave kuora ratove ivhu.

4. Nguva


Sekutaurawo kwandamboita pakutanga, izvi zvole zvakaitika mushure menguva yakati rebei. Kugadzirwa kwe ivhu hazvisi zvinhu zvinoitika mushure menguva diki. Zvole zvadomewa izvi zviru zvina ndizvo zvakaongororwa kuti zvakabatsiridza kuti ivhu ratinaro nhasi rivepo.

Zvinowanikwa Muvhu

Muvhu munowanikwa zviwanikwa zvakawanda zvinosanganisira; Mhepo, mvura, tupukanana tunorarama, tusauto (minerals) nemaodzwa. Zvose izvi zvasanganiswa ndiro ratingati ivhu. Uye zvinobatsiridza kuti ivhu redu rikwanise kutsigira hupenyu hwe zvirimwa zvedu. Kana ivhu redu risina zvinhu zvatadoma izvi zvinotiudza kuti ivhu iroro rinoda kunyatsoshandiwa kuti rimutsiridzike.



Hupenyu hwe muvhu



Zvakakoshera Ivhu

Ivhu rakakoshera zvakasiyanasiyana uye tinoriona nemeso akasiyanasiyana zvichienderana nekuti ndiwe ani uye ungada kurishandisei.

1. Kurima nekupfuya

Ivhu ndiwo musimbotti weupenyu, kunevarimi kana vachiona ivhu vanoona kurima mbesa dzakasiyanasiyana pamwe nekupfuya zvipfuyo

2. Kuvaka

Kune vamwe kana vachiona ivhu vanenge vachitofunga kana kuona zvivakwa

3. Nharaunda

Kunewo mumwe akanzwa nezvevhu anenge avekutofunga nharaunda yakamukomberedza, asi muchidimbu ivhu ndiyo nhaka yedu uye musimbotti weupenyu.

Kuvaka Chimiro Chevhu

Zvakakosha kuti varimi tivake chimiro chevhu redu nekuti kana chimiro chakanaka zvinobatsira kuti midzi yembesa dzedu ifaranuke. Mukuwedzera zvinobatsirawo kuti mvura ifambe nyore muvhu uye tunorarama muvhu tunosununguka.

Tinogadzirisa chimiro chevhu nekuriisa maodzwa kana kuti manyowa akasiyanasiyana, kuvhara ivhu redu (mulching) uye kukurudzira tunorarama kuti tiwande muvhu nekusaa shandisa chefu mumapindu edu.

Marudzi Evhu

Tine marudzi evhu akasiyana siyana zvichienderana nenzvimbo yatiri uye kuti amai vedombo riripasi panova ndipo pakabva ivhu rakamirasei.

Ivhu rino patsanurwa zvichienderana nekutsetseka kana kumanzika kwevhu. Pane zvikwata zvina zvinoiswa ivhu:

- a) Rutsanza (gravel; particles larger than 2 millimetres)
- b) Jecha (sand ; particles from 0.05 to 2 millimetres)
- c) Dope (silt ; particles from 0.002 to 0.05 millimetres)
- d) Chidhaka (clay; particles smaller than 0.002 millimetres)

Mhando dzevhu

- a) Jecha (Sand)
- b) Shapa (Sandy Loam)
- c) Ivhu rinemaodzwa akawanda (Loam)
- d) Chidhaka (Clay)
- e) Chidhaka chakasangana ne jecha (Clay Loam)
- f) Rutsanza (Gravel)
- g) Dope (Silt)

Kukodza Kana Kupfumisa Ivhu


Kana tichitaura zvwekukodza ivhu tinoreva nzira dzokuisa maodzwa muvhu tichishandisa nzira dzakasiyanasiyana kuti tidzose kudya kwezvirimwa kunenge kwapera muvhu.

Chinangwa Chekukodza Ivhu

Chinangwa chekukodza ivhu ndechekuti rivandudze upenyu hwevhu, kunatsurudza chimiro chevhu, kubata mvura uye kuwedzera kudya movhu kuitira kuti tiwane chouviri kubva mariri, kana kuti goho guru.

Matsiko (principles) Ekugadzirisa Ivhu

- Kusangotematema miti
- Kusashandisa mishonga inokora (chemicals)
- Kurima minda yedu nemazvo zvinodzivirira gukuravhu
- Kusanganisa zvirimwa
- Kudzivirira ivhu kubva kugukuravhu
- Kuisa maodzwa movhu
- Kusanganisa zvirimwa



Ivhu rino pararaa kana tikasa richengetedza

Kufukidza Ivhu Mumabindu

Kuvhara ivhu redu ratinoshanda naro kwakakosha chose nekutitinowana zvakanaka kubva movhu rakavharwa kana kuti rakavharwa.

Zvakanakira Kuvhara Ivhu

- Zvinodzivirira ivhu kuti risakukurwe nemvura kanakutorwa nemhepo.
- Zvinoita kuti mvura ipinde movhu nyore
- Zvinobata unyoro movhu
- Zvinodzivirira tunorarama movhu kubva mukupisa kana kutonhora kwekunze
- Zvinobatsira kuwedzeredzawo maodzwa movhu nekuti nekufamba kwenguva zvizhazovora

Kurasika Kunoita Kudya Kwembesa Kubva Muvhu

Kune nzira dzawanda wanda dzinoita kuti kudya kwembesa kunenge kwaiswa muvhu kurasike, nzira dzicha domwa ndidzo dzinoita kuti tirasikirwe nekudya kwembesa.

Marasikiro anoita kudya mvu:

- 1) Idzo mbesa dzacho dzinotorawo kudya ikoko kuti dzikushandise
- 2) Dzimweni dzenguva kana mvura yawandisa kunogezeka kuchidzika pasi
- 3) Gukuravhu rinogona kutitorerawo kudya kwembesa
- 4) Kana tikapisa maodzwa tinorasikirwawo nechikafu chembesa
- 5) Masora akasakurirwa anotitorera kudya kubva muvhu

Kudya Kwe Mbesea Kunodiwa Kwakawanda Nekwakunobva

Idzombesa kuti dzinyatso kura dzine mhando dzakasiyanasiyana dzekudya kwadzinoda kuitira kuti dzikwanise kukura zvakanaka uye kudzivirira zvirwere. Kudya kwembesa kunoiswa muzvikwata zviviri. Kudya kunodiwa kwakawanda nekunodiwa kurikushoma.

Naitorojeni (Nitrogen)

Naitorojeni kudya kunodiwa nezvirimwa pakuzvikudza, uye kuti zvinyatso svibirira, Kudya uku kana kwashomeka zvirimwa zvedu zvinoita ruvara rwe “yellowish”. Iyo naitiriji inowanika kubva mumashizha mambisi (green stuff) uye mumanyowa ezvipfuyo.

Potasimu (Potassium)

Potasimu kudya kwezvirimwa kunobatsira pakuumba maruva nemichero. Kana zvirimwa zvedu zvasaya kudya uku zvinogona kuita ruvara rwe pepo (purple). Uye kunobatsirawo kuti maruva emichero arege kuzunzika achibva. Kudya uku kunowanikwa mumadota nemanyowa ezvipfuyo

Fosiforasi (Phosphorus)

Inobatsira kunyatsokura nekusununguka kwemidzi yembesa dzedu. Kudya uku kunowanikwa mumanyowa ezvipfuyo nezvinhu zvimbishi (green stuff)

Nzira Dzekukodza Nadzo Ivhu

- 1) Maorera (Composts)
- 2) Manyowa ezvipfuyo
- 3) Manyowa emvura
- 4) Kufukidza ivhu
- 5) Dota
- 6) Kurimira zvinhu zvimbishi muvhu
- 7) Kurima mbesa dziri muboka redzinosiya kudya muvhu (legumes)

Magadzirirwo Enzira Dzakasiyanasiyana Dzekupfumisa Ivhu

Magadziriro emaorera “Compost”

Dzimwe nguva unenge usina mari yekutenga fetireza yepasi asi une zvipfuyo zvinokupa mupfudze. Unokwanisa kushandisa mupfudze uyu se fetiraiza yepasi kana kuti unogona kusevenzesa mupfudze uyu kugadzira “maorera”. Aya maworera woizoishandisa se fetireza yepasi.

a) Ruzivo pamusoro peMaorera

- .. Mupfudze unoshandiswa kugadzira “maorera/compost”, uchisanganiswa neuswa ,mashizha, tumiti nezvimwe zvakadaro (zvinobva musango).
- .. “Compost” inofanira kuve nechikamu che 20% chemupfudze.
- .. Kugadzira “compost” kunoita kuti mupfudze wako uzoshanda panzvimbo yakakura kudarika pawaizodyara nemupfudze chete.
- .. Sevenzesa gaba rimwe kana kuti magaba maviri e“Coke” pakuisa compost yako ndokunge uchiisa mumakomba.
- .. Compost inoshandisa zvinhu zvatakapihwa naMwari (zvakatikomberedza), saka haidi mari pakuigadzira

Maorera (compost)

Kugadzirwa kwe maorera “compost”

- .. Tora matanda mana, woganhura kanzvimbo kane 2mx2m.
- .. Sanganisa zvimiti zvidiki (twigs), uswa, mupfudze, nemashizha, uchizviisa **padutu** kusvikira paurefu hwe 2m.
- .. Usashandisa mashizha eMusasa, emugamu neemusidori (lantana)
- .. Isa mvura kuti maworera ako asvike pa (“50% moisture”).
- .. Dutu rese rese re “compost” rinoda 2 00L yemvura (kubva pakutanga kusvika kumagumo). Umba “compost” yako pedyo nemvura.
- .. Regedza dutu iri kuti ritange kupisa. Kana “thermometer” yako yewaya kana chimuti chava kupisa, sandura “compost” yako kuti irikunze ipinde mukati,

*Unokwanisa kushandisa “8 gauge wire” ine hurefu hwe 1m se “thermometer”. Ukaisa thermometer” iyi paganda riri paruvoko, wobva waona kuti “wire” iyi irikupisa, zvekuti haungaibati usina kuzvipisa, zvinoratidza kuti “compost yako yasvika pa 68C, uyezve yavakuda kusandurwa.


- .. Paunosandura “compost” yako, wedzera mvura kana “compost” ichiratidza kuoma.
- .. Ramba uchisandura nenzira iyi kanokwana kanomwe, kusvikira panguva yekuti “compost” yako yava neruvara hwe “dark brown”, uyezve mashizha neuswa hwakaiswa pakutanga hwaora.
- .. Kugadzira “compost” kunотора mwedzi kana miviri zvichienderana nezviwanikwa zvawashandisa..
- .. Dutu rimwe rinokupa “compost” inogona kushandiswa se “fertilizer” yepasi ichikwana pa 0.5ha.

Magadziriro Emanyowa Emvura

Varimi kana tarima mbesa dzedu dzino svika padzinenge dzaneta pakukura. Apa dzinenge dzave kuda kuiswa fetereza yepamusoro. Apa ndipo patinogadzira manyowa emvura. Manyowa emvura anogona kugadzirwa kubva mumanyowa emhuka dzomusango, zvipfuyo, uyezve mashizha manyoro.

Chinyorwa chiri pazasi chinoratidza magadzirire atingaita manyowa emvura.

Magadzirirwo emanyowa emvura



Source: Field Notes on Organic Farming, KIOF



Training Manual on Organic Agriculture in the Tropics

Matanho Pakugadzira Manyowa Emvura

1. Tsvaga manyowa echipfuyo chero chauinacho asi ehuku ndiwo ane samba rakawanda; isa musagi kana kuisa muchidziyo chauinacho. Uwandu hwe manyowa hunofanira kuve chikamu chimwe kubva muzvitatatu (1/3) yechidziyo chauri kushandisa.
2. Isa mvura muchidziyo chauri kushandisa, mvura inofanira kuve zvikamu zviviri kubva muzvitatatu (2/3) wokurunga kuti zvisangane.
3. Vhara kuti musapinde mhengo kana zuva eyu kuti nhunzi ne masikito zvisaberekera imomo. Ramba uchikurunga kamwe pamazuva matatu kusvika mazuva gumi nemana akwana.
4. kana zvapedza mazuva gumi nemana zvinenge zvaibva. Chera mutuwi wosanganisa ne mvura. 1: 2,3,4 zvichienderana nemanyowa kana mashizha awashandisa pakugadzira. Kana usina chokwadi edza pachirimwa chimwe, kana chisina kutsva wozoisa pane zvimwe

Magadziriro Emanyowa Ekudanga

4.3 Manures (3)

Kugadzirwa kwemanyowa emudanga



- * Dzivirira kumvura yekunaya nezuya
- * Dzivirira kumhepo
- * Sanganisa nehuswa
- * Dzivirira kujenga kwemvura
- * Komberedza kudzivirira kubuda nekupinda kwemvura
- * Unganidza kana zvaoma
- * Pasi pachu ngapagare pakaoma
- * Diridza panguva yakakodzera

FiBL **IFGAM**
Training Manual on Organic Agriculture in the Tropics

Matanho Pakugadzira Manyowa Ekudanga

1. Cheka uswa, mashanga kana kutora mutsakwane uchinoisira kudanga kuti zvitsikwe tsikwe ne mombe
2. Kana April – June asvika bura manyowa uchisa mugomba. Masiye akaungana kudaro kusvika aibva. Kana akacheneruka isa mvura. Manyowa aya anofanira kugara akavharwa kanakuti kufukidzirwa uye paripa mumvuri
3. Kana aibva anoita ruvara rutema kana dark brown uye anenge asisacha pisi.
4. Tora manyowa uendese kumunda kana kubindu (garden) asi kana asvika asagara nguva refu ari pechena, kudya kurimo kuno rasika.

Kushandisa Zvirimwa Zvinoisa Kudya (legumes)

Murimi ano kwanisa kupfumisa ivhu rake kuburikidza neku dyara ma legumes. Ma legumes imbesa dzinoisira kana kusiya kudya muvhu mienzaniso ino sanganisira mbesa dzakaita se: alfalfa, clover, peas, beans, lentils, lupins, nyemba, nyimo and peanuts. Murimi anogona kuita dambudziko rekuve nevhuru risina kudya kwakakwana asi mbesa idzi dze malegumes dzinogona kudzoreredza dambudziko iri. Nekuda kwekuti kana wadzirima dzino kuisira kudya muvhu uye dzino kupa maodzwa ekugadzirisa nawo maorera ako.

MABASA NEZVAKANAKIRA MBESA DZE MALEGUMES

Varimi vanokurudzirwa kurima mbesa dzinosiya kudya muvhu nekuti dzinobatsira kuumba ivhu nenzira dzakasiyanasiyana. Zvimwe zvezvinhu zvakanakira kushandisa mbesa idzi ndezvizi: maodzwa anowanda muvhu, midzi yacho inoita kuti ivhu rivhurike (soil porosity). Mbasa idzi dzino gadzirisawo chimiro chevhu pamwe nekugadzirisa kuvava kana kutapira kwe vhu. Dzinobatsirawo zvakare nekuwandudza upenyu hwe muvhu (diversifying the microscopic life in the soil) uye ne kukanganisa udyi hwe muvhu kana murimi achinjanisa mbesa pamwe nekuchengetedza mvura muvhu.

HUWANDU HWE NITROGEN INGASIIWA MUVHU NE MBESA DZE MALEGUMES

Table 1. Nitrogen ingasiiwa nembesa kana pachidiridzwa.

Chirimwa	Naitorejenyatinowana (lb N/ac)
Clover	223
Binzi	267
Pizi	178
Lentil	134
Soybean	134
Chickpea	108
Dry bean	62

KUPETA CHIDZIDZO

Ivhu rakakora ndiwo musimbote we kurimatichishandisa zvakatikomberedza.

Tikarima tisina hanya nevhuredu, ramangwana rekurima kwedu, uye revazukuru vedu richange risina kujeka. Ibaso redu varimi kuona kuti tachengetedza ivhu redu pamwe nekurishanda kuti rirambe richi kwanisa kutipa goho rakanaka.

Ndimu Yechitatu
Kurima Kwekuchengetedza (conservation Farming)

Zvinangwa Zvechitsauko

- ü Kuziva zvakanakira kurima kwekuchengetedza
- ü Kuziva madyariro embesa
- ü Kuziva zvitevedzwa zvamarimire iwaya
- ü Kuziva nguva yokuita basa rogaroga

Nhangaruvanze

Kurima tichichengetedza zviwanikwa kuri kugashirwa nevarimi vakawanda munyika yose senzira yekusuduruka kubva mukurima tichishandisa mafetereza nemishonga yechirungu. Kunyange zvazvo nyika dzakaita se Brazil ne Argentina, variwo mashasha mune zvekurima tichichengetedza zviwanikwa. Munyika dzinowanikwa mu Africa ne mu Asia varimi vavekurimawo vachishandisa conservation agriculture kunyange zvazvo vasati vavekurima ndima dzakakurisa.

Ikokurima tichichengetedza zviwanikwa ukukunonyatso buda kana tikatevedzera zvitevedzwa zvevarimiro aya ekuchengetedza zviwanikwa. Zvakawanda maererano nekutevera zvitevedzwa izvi zvichabuda mugwaro irorino nechekumberi. Matambudziko ekushomeka kwechikafu tichirima tichishandisa marimiro anoshandisa zviwanikwa zvechirungu aramba achienderera mberi. Varimi vazhinji taifunga kuti nhamo yekushomeka kwechikafu yashomeka pakauya kwakaita mafetereza nemishonga yechirungu asi nerimwe divi nzara yatokura. Kuti remangwana redu sevarimi ringe rakajeka tinofanira kurima tichichengetedza zviwanikwa nekuda kwezvinotevera.

Kudiwa kwechikafu kurikuenderera mberi nekuda kweuwandu hwevanhu hurikuwedzera nekudaro kurima tichishandisa mishonga nemafetereza echirungu kwakundikana uye kwaparadza ivhu. Uyezve vanhu vari mukuchengeta zvipfuyo zvenyama nemukaka, nekudaro mhuka idzinoda kuwanawo chikafu kubva kumarimiro atinoita. Nekudaro ino ndiyo nguva yekutsvagisisa marimiro atingaita anoumba ivhu redu kuti risaparare uye tichiwana goho rakanaka. Izvi zvinokwanisika kana tikarima marimiro anochengetedza zviwanikwa.

Zvimoreva Kurima Tichichengetedza Zviwanikwa (Conservation Agriculture)

Kurima kwekuchengetedza zviwanikwa kurima kusingakanganisi ivhu nekuripindurudza pindurudza, kurima kunokurudzira varimi kuti vafukidzire ivhu ravo kuitira kuderedza gukuravhu. Kurima uku kunotipa goho pamwe nekuchengeta zviwanikwa zvedu izvo zvinechekuita nemanairo anoita emvura.

Kana varimi tikakwanisa kurima tichichengetedza zviwanikwa zvedu, tichinyanyo tevedzera matsiko *eorganic farming*, ivhu, miti, masango, nzizi, netunorarama zvose izvi zvino chengetedzeka.

Zvakanakira Kurima Tichichengetedza Zviwanikwa

Chinhu chihombe ndechekuti nharaunda yedu ino chengetedzeka, nekuda kwekuti hatishandise mafetereza nemishonga yechirungu pakurima kwedu, zvimwewo zvatinozowana kubva mukurima uku zvinosanganisira:

- Tinoshandisa masarirwa ezvakakohwewa kuvhara ivhu redu, izvi zvinozopa kuti unyoro husakurumidza kupera, nekuti kupisa kana kutonhora kwe vhu kuvepakati nepakati.
- Tinongorima patirikuda kudyara chete, kumwe kwese hatikukanganisi nekuti zvinokonzera gukuravhu.
- Kusarima pese pese uku kunobatsira kuti mvura kana yanaya zhinji yacho inyatsopinda muvhu zvisina dambudziko.
- Zvirimwa zvino chinjaniswa kuti zvisaparadzira zvirwere kune zvimwe.
- Pawachera mwaka uno, mwaka unotevera unochera zvakare ipapo nekudaro kudya kwembeu kunowandudzika muvhu uye murimi haacharambi achitsvaga mombe kana madhongi ekuti arime.

Zvinofanira Kuti Murimi Agare Achiziva

Iko kurima inofanira kuve garo ziva kumurimi wose kuti pose patinorima tinenge tichishandisa nharaunda yedu, nekudaro tikasaita marimiro ane uchenjeri tinogona kuwisirwa pasi nematambudziko anokonzerwa nezvinotevera;

Zvinokanganisa Varimi Pese Pavanorima

Zuva

Kana zuva rikawanda richirova paivhu rinisa kuvharirwa hunyoro huzhinji hunotorwa huchienda nezuva pasi pachioma, izvi zvozopa kuti mbesa dzedu dzisakura zvakanaka.

Mhedzisiro yacho inzara kana kuti kuderera kwegoho. Kurima tichifukidza minda yedu kuno deredza dambudziko irori

Mvura

Mvura yavekunaya mazuva ano yaveshoma, uye inogona kuti ikati naye yomboita chinguva kusina nekudaro mbesa dzedu dzinosvika pakuomerwa. Munda wakafukidzirwa unotora nguva kuti uomerwe. Mvura dziri munzizi pedyo nemunda hadzikanganiswi.

Mhepo

Mhepo inotorawo ivhu repamusoro tisingaone richiendwa naro, munda unogona kusara rave gwenga kana munda ukasadzivirirwa. Marimiro ekuchengetedza zviwanikwa ano pedza dzambudziko irori.

Kuchengetedza Bindu Redu


Kana tichirima marimiro atajaira tinotema miti tichiishandisa seruzhowa izvi zvinokonzera kuparadzwa kwemasango. Kana tave kurima tichichengetedza zviwanikwa tino kurudzira kudyarwa kwe heji (live fence) iyo inotora nzvimbo yeruzhowa.

Ivhu

Ivhu rinopedzisira rave kuvava kana rikaramba richiiswa mishonga yechirungu, uye kuramba tichiri pindura pindura rinorasa chimiro. Kana rarasa chimiro zvave kurevakuti kana goho redu ravekudzikira. Nerimwe divi kana ivhu rikaramba richipindurwa rinopepereswa ne mhepokuchisara ivhu risina kudya kwaka kwana. Marimiro ekuchengetedza zviwanikwa anobatsira ivhu kuti rivakike uye riwedzere kupfuma.

Zvitengwa

Kana tichirima murimire wetajaira tinotenga twakawanda wanda asi kana tichirima tichichengetedza zviwanikwa tinogadzira toga zvekushandisa. Nekudaro tinochengetedza homwe



Kurima Kune Matambudziko Mune Ramangwana (Conventional Farming)

Hongu tajaira kurima tichipindura ivhu redu asi tikanyatso cherechedza, tinoona kuti chinonyatso buda tarima hapana. Nerimwe divi tinenge takatenga mafetereza, mbeu nezvimwe, asi goho ratinowana harikwanisi kutipa kudya uye kuti titengesewo zvasarira. Marimire iwaya atajaira anenge achitokurudzira kutakurwa kwe vhu ne mhengo kana gukuravhu. Inguva yekuti titange kurima tichichengetedza zviwanikwa zvakatikomberedza kuburikidza nekusapindura pindura ivhu uye kuvhara ivhu matirikurima. Hongu zvine basa rakawanda ka uchango tanga asi nekufamba kwema zuva murimi anotanga kuwana goho resimba rake.

Matambudziko Anosanganwa Nawo Mukurima Nemvura Yekudenga

- Machengetero nepekuchengeta mvura yekudenga inenge yanaya kana tichiita murimiro watajaira.
- Madziviriro ekupepuka kwe mvura kana hunyoro kubva muvhu kanakuti mumunda.
- Kurimawo tichichengetedza zviwanikwa kune dambudziko mwak wekutanga panenge pasina masarirwa ekuvharisa munda



Zvinangwa ZveKurima Tichichengetedza Zviwanikwa

1. Nyaya hombe yatinoda kuderedza pose patinorima tichichengetedza zviwanikwa ndeyekuderedza kupepurwa kwe hunyoro ne zuva pamwe nemhepo.
2. Chechipiri tinoda kuti ivhu redu rirambe richikodzeka kuburikidza nekusaramba tichipidigura ivhu pamwe nekuisa mupfudze panzvimbo imwe
3. Chechitatu ndechekuti tiite basa rose zvaro nenguva yakafanira

Matanga Kurima Chirongwa Chokurima Uchichengetedza Zviwanikwa

Nguva dzose kutanga chinhu kwakaoma nekuti unenge usingazivi ku zvichabuda sei uye kuti vanhu vachati kudii maererano nemarimiro aunenge uchiita, asi muupenyu pakashaika anotanga chinhu dunhu rinogona kusarira. Vamwe vaitya kutanga asi pavakazotanga vakadamba nguva yavo yevakapedza vachirima murimiro usingabhadhare. Hedzino nzira dzinga shandiswa nemurimi kutanga marimire ekuchengetedza zviwanikwa (conservation farming)



Kuchera makomba mu CF Kuvhariridza Munda

Munda unofanira kurimwa murimi achichengetedza zviwanikwa, hautarisirwe kuti upote uchipinda zvipfuyo nekuti tinenge tichida kuti marara arambe achiwanda kuitira kuti munda wedu ufukidzwe kubva kuzuva. Nekudaro tinokurudzira varimi kuti vaite ruzhowa rwe miti inorarama (live fence) kuitira kuti gore negore vasaramba vachitema miti. Miti iyi inogona kuve miti inosanganisira: Mutsvoritsvoto, Mupangara, Chikwenga kana yose inotadzisa

zvipfuyo kupinda mumunda. Murimi anofanira kuziva kuti miti iyi inotora chinguva kuti ikure nekudaro anogona kufanoisa ruzhowa rwe waya, uye kuti miti inonyatsokura zvakanaka kana yadyarwa nguva ye zhizha.

Kuvharira mhengo

- Murimi anosungirwa zvakanaka kuti ave nechokwadi chekuti avharidzira munda wake kubva kumhengo. Mhengo ikasiwa ichipinda mumunda yakawandisa ino konzera gukuravhu pamwe nekuderedza goho kuburikidza ne kuzunzwa kwamaruva embesa. Nekudaro, munda yedu varimi ngaivewo ne miti mukati (Agroforestry) kana kunze serozhowa (live fence). Kana tikavharira mhengo tinowana zvinotevera:
 - Hunyoro hunochengeteka, mbesa hadziomerwi
 - Mbesa hadzipunzirwi pasi nemhengo
 - Gukuravhu rinoita shoma
 - Kudziya nekutonhora kwevhu kunogarakuri pakatinepakati

- Nerimwe divi shiri dzinowana pekumhara dzichitsvaga makonye anokanganisa mbesa/goho redu
- Kana tadyara miti inoisa kudyara muvhu (legumes), tinoisirwa manyowa muminda yedu
- Mimwewo miti yakaitasa vana Leucaena, sasbania nedzimwewo tinogona kuichekera zvipfuyo zvedu kuti zwiwane chokudya

Izvi nde zvimwe zvakanakira kuve nemiti kumaminda kwedu.

Madyarirwo angaitwa ruzhowa

Kuti ruzhowa rwedu rusimbe tinogona kudyara maraini maviri akatevedzana, kana kudyara miti ichipiringishana piringishana (zigzag)

Miti iyi inoda kupota ichichekererwa kuitira kuti isanyanyokura zvekuzodya munda womurimi. Imwe miti inoshandisa kuita rozhowa mimwe yacho inoburitsa mukaka kumidzi dzayo zvingapa kuti mbesa dzirimudhuze nayo dzisakura zvakanaka. Murimi anosungirwa kuti achere kamugero nechemukati kakadzika 45cm uye kufara 30cm kuitira kuti midzi yemiti yeruzhowa isakanganisa mbesa.

Kukohwa Nekushandiswa Kwemvura

Kutaura kudai vanhu vanoita 1.1 billion munyika yose vanorarama muurombo nekuda kwekushaya mvura yakachena yekunwa nekushandisa; vamwe 2.4 billion havatoiwani mvura yacho zvchose kutoiwona mazino chaiyo. Nerimwe divi zvirwere zvinokonzerwa nekusavepo kwe mvura kana kuvepo asi isinakuchena kurikuwanda kunyanya munyika dzedu dzichine hurombo. Zvinofungidzirwa kuti vanhu vanoita 2.2 million vanofa gore regarega kunyanya vana vadiki nekuda kwekushaiwa mvura yakachena yekunwa kana kushandisa. Ndosaka tirikuti kukohwa mvura izano rakanaka kumurimi nekuti chero guva mvura yokushandisa anenge anayo.

Kukohwa mvura

Kukohwa mvura tingati nzira ipi neipi yatingashandisa inobata mvura yochengetedzwa kuti izoshanda mune remangwana. Mvura yatakohwa iyi tinogona kuichengetera patinowona kana kuti patisingaione pakafanana ne muvhu (water table). Tsvagurudzo inoratidza kuti, nyaya dzekukohwa mvura dzakatanga karekare ne varimi vekudhara makore 4,000 adarika. Munyika dzakafanana ne China tinodzoka kumakore 6,000 apfuura tichiona kuti mvura vakatenge vave kuikohwa. Zvino kana varimi vekare vakazviona kuti zvakanakisha kukohwa mvura chingatitadzisa isu ikozvino kubata mvura chingava chii nekushanduka kwaita mwaka yekunaya kwemvura kudai.

Zvinotibatsira kana tikakohwa mvura

Huwandu hwe mvura inopinda pasi hunowedzera nekudaro, mvura yepasi inowanda zvozo konzera kuti hunyoro husimuke huchikudza mbesa. Tichiwedzera, nguva yekurima inowedzera nekuti mvura inenge yavepo nguva dzose. Uyewo kuwanda kwe mvura munzizi nemadhamu kunopawo kuti mvura inyatso ramba ichinaya pasina dambudziko. Kune vaya vasina mvura yakachena yekunwa mvura yekunaya ingango batsirawo asi ndokunge yakohwerwa nekuchengeterwa pakanaka. Iyo mvura yekudenga ndeye mahara haibhadharwi chako kungo gadzira chero nzira yaungada yekukohwa mvura.

Ikowo kukohwa mvura kunobatsira kuti minda yedu varimi isakukurwa tichirasikirwa nevhu repamusoro rine kudya kunodiwa nezvirimwa. Itarisiro yedu kuti patino kohwa mvura tisangotarisira kuti minda yedu chete iite zvakanaka, nemasango akatitenderedzawo anofanira kubatsirikana kubva kumvura yatinokohwa.

Panotangira mvura yekunaya kuyerera


Panotangira mvura yekunaya kuyerera kana kuti kuita gukuravhu mumunda womurimi pakakosha chose nekuti ndipo panofanira kutanga kushandwa nemurimi kuderedza gukuravhu. Kana tikazoda zvedu kubata mvura nechekuzasizasi inenge yave nesimba rekukwanisa kubvarura munda.

Nzira dzekufambisa nadzo mvura yakohwiwa

Kana wavekukohwa mvura mumaminda semurimi wanhasi unofanira kuziva uwandu hwe mvura inonaya munzvimbo mauri nekutenuka kwakaita nzvimbo yauri. Zvose izvi zvinokupa kuti uzive kuti wohera dhunduru rakakura sei, kufara kana kudzika.

Pokuchengtera mvura yatakohwa

Patinenge tichichere madhunduru edu ngativei nechivimbo chokuti taisawo makomba muma dhunduru imomo kuitira kuti mvura yakawanda idzike pasi, tinogonawo kuchera tuma dhamu tudiki tweku chengetera mvura asi mvura yedu zhinji ngatiichengeterwe muvhu (water table)



Kukohwa mvura

Nzira Dzingashandiswa Kukohwa Mvura Mumaminda

- Migero mikuru (storm drain)
- Makomba mumigero inobata mvura (Infiltration pits)
- Tumakomba mumunda (pot holling)
- Kuvhara ivhu (mulching)
- Kudyara uswa nemiti
- Kuronga matombo (terracing)
- Migero inobata mvura (swales)
- Tumihomba muminda (tied ridges)

Matanho Anotevedzwa Kana Tichirima Tichichengetedza Zviwanikwa

Kune matanho masere anofanira kutevedzwa kana murimi afunga kurima achichengetedza zviwanikwa. Matanho aya ndeanotevera:

Matanho Ekurima Tichichengetedza

1. Kukanganisa ivhu paunoda kushanda chete (minimal soil disturbance)
2. Kuvhara ivhu zvachose mumunda (maximum ground cover)
3. Kuita basa rako ne nguva (timely implementation)
4. Kupota uchichinjanisa mbesa (crop rotation)
5. Kuita basa rakonemazvo (Precise operations)
6. Kusapfachura pfachura zviwanikwa zvauinazvo (Efficient Use of Inputs)
7. Kukohwa nekuchengetedza mvura (Water conservation)
8. Kusapisa zvachose zvisarirwa zvemumunda (No burning of grass)

Matanho Achitsanangudzwa


1. Kukanganisa ivhu paunoda kushanda chete

Kana murimi akanakidzwa nekungopindura pindura ivhu anenge achitorikanganisa, muvhu mune hupenyu hurimo husingadi kutsva nezuva hunotibatsira kuodza ivhu. Nekudaro murimi akapindura ivhu anoita kuti zvinorarama muvhu umu zvife. Uyewo kupindura ivhu kunoita kuti ivhu rinekudya racho riende pasi risina kudya pamusoro, nechepasi panogumira gejo remurimi panobva paomarara.

Kugadzirwa kwakaita ivhu rine zvikamu zvikamu saka murimi paanoripindura anokanganisa chimiro chevhu, uye nekutsetseka kana kumanza kwaro. Iko kupindura ivhu uku kuno ita kuti mukana wekuti ivhu risununguke zvakanyanya zvinozoripa mukana wakati wandei wekutorwa nemhepo kana mvura.

2. Kuvharira ivhu zvachose

Ikurudziro yedu kuti kana murimi avhare ivhu raari kushanda naro kuti rirege kukanganisika. Munda wasurudzwa nemurimi kuve wekuchengetedza zviwanikwa haufanirwi kusiiwa zvipfuyo zvichipinda. Itarisiro yedu kuti mahuswa kana kuti zvisarirwa izvi zvirambe zvichiwanda mumumnda kuitira kuvhara sora, uye kuti zvizoorera zvichipfumisa ivhu pamwe nekuchengetedza hunyoro.



Kufukidza ivhu zvachose

3 Kuita basa nenguva

Basa rekurima tichichengetedza zviwanikwa rinogozha kunyanya makore ekutanga kuratidzi mvura mudenga, nekudaro murimi anosungirwa kuti aite basa rake nenguva. Kungava kushosha munda, kuchera makomba kana kugadzira mufudze zvose izvi zvinoda kuitwa nenguva kuitira kuti murimi asakurirwa nebasa uye asasara nenguva nemwaka. Tinotarisa kuti panozonaya mvura murimi anofanira kuve atopedza zvose amirira mvura kuti inaye.

4. Kupota murimi achinjanisa mbesa

Makomba anocherwa anogara nariini, nekudaro kana murimi akasa chinjanisa mbesa dzake zvirwere neudyi zvinowanda mumunda. Nekudaro, murimi anosungirwa kuti apote achichinjanisa mbesa kuitira kuti goho risadzika. Nerimwe divi zvinobatsira kuti mbesa dzipanane zvokudya muvhu. Uye kana kurikuti chirimwa chatsva nezuya murimi anosarawo nechimwe chingangomuraramisa.

5. Kuita basa neazvo

Matsara ngainyatso swatuka makomba achinyatsocherwawo zvakanaka. Kana kuri kuti murimi ada kuti mitsara yake itaramuke ne ma 90cm x 60cm ngazvichive saizvozvo. Kana ada 75cm x 75cm ngazvisa siyana siyana. Kana kuri kugadzira maorera (compost) ngazviitwe nemazvo kuitira kuti mbesa dziwane kudya kwadzinoda.

6. Kushandisa zvishandiswa nemazvo (*Efficient Use of Inputs*)

Murimi anokurudzirwa kuti asango pfachura pfachura angave manyowa aarikushandisa. Manyowa ngaaiswe mugomba kana mumutsara kwete pose pose. Mbesa yedu zvakare tinofanira kudya zvakaenzanirana kwete kungomwaya kuti tizotapudza.

7. Kukohwa mvura

Tinotarisa kuti murimi arikurima achichengetedza zviwanikwa anofanira kuchengetedza ivhu rake nemvura nekuti ndiwo musimbote wekurima. Makandiwa anofanira kucherwa, makomba uye kufukidza ivhu kuitira kuti mvura ibatwe isaparadza munda pamwe negoho.

8. Kusapisa zvisarirwa nehuswa

Varimi vazhinji vanorima munda wakachena nekudaro vanopisa marara (mawiwi), izvi hatizvikurudziri mukurima tichichengetedza zviwanikwa. Kupisa kunoita murimi marara anorasikirwa nekudya kunodiwa nembesa kwakawanda pane kudya kwaanowana kana apisa. Uye iwo atinoti marara ndiwo anotibatsira kuchengetedza hunyoro.

Matanho atsanangudzwa aya aive ekuti murimi kana avekuda kuvamba chirongwa chemakomba kana kuti kurima tichichengetedza zviwanikwa anofanira kumaisa mupfungwa dzake kuitira kuti marimiro aya abude zvakanaka.

Kutanga Basa Rekurima Tichichengetedza Zviwanikwa

1. Koronga basa

Murimi asingarongi basa rake anozviwanzira basa uye vakuru vakati pfungwa shoma dzinopa muridzi basa. Kurodziro yedu ndeyekuti murimi agare pasi obva aita hurongwa hwebasa rake asati atanga basa.

2. Kugadzirira kurima mbesa (Land preparation)


Pakugadzirira munda wedu pane matanho akatiwande atinofanirwa kusamakoshiwa

a) Masora neruzhowa

Chekutanga kuvanechokwadi kuti ruzhowa rwavepo kuitira kuti zvipfuyo zvisapinda. Tinokurudzira ruzhowa rwe miti kuitira kuti ruti batsire pakuvhara mhopo. Kana tapedza nezveruzhowa totemera pasi masora angange amera mumunda wedu. Tisarasa zvatinenge tatemera pasi nekuti zvinozoshanda pakufukidzira ivhu.

b) Kuchera makomba

Kana tapedza kutemera masora pasi tinofanira kutanga kuchera makomba edu kana kurikuti tiri kuita makomba. Murimi akangwara anogona kutanga zvake kuchera mumwedzi wa Chikunguru achiita zvake pashoma pashoma kuti basa risa murwadza. Kana arimakomba mu 1 *hector* munenge muine 18500 Kana munda wakakura murimi anogona kushandisa gejo asi rinenge rakabiswa dhishi, kana kushandisa ripper kungo vhura muforo chete.



Mimwe midziyo ingashandiswa kuvhura miforo kana kudyara

a) Kuiswa kwemupfudze

Kuti goho redu ribude zvakanaka murimi anosungirwa kuti aise mupfudze wakakwana mumuforo kana kuti pagomba roga roga. Mugomba rimwe chete munogona kupinda 300 to 500 grammes dze mupfudze wakaibva. Zviya zvekungotora mupfudze kubva kudanga usina kana kumboodzwa hazvitipi chiyamuro varimi, nekuti mupfudze iwoyo uchatipa zvirwere, masora, udyi uye kudya kwechirimwa kusina kukwana. Itarisiro yedu kuti murimi akarongeka anetenge agadzira manyowa ake nguva yekumashandisa isati yasvika. Kuvava kana kutapira kwevhu kunofanirawo kuonekwa kuti kwakamira zvakanaka here, kana paine zviratidzo zvekuti ivhu ririkuvava murimi anokurudzirwa kuisa lime kana dota nechipimo che 1 table spoon pagomba regarega.

b) Kudyara

Murimi anofanira kugara ave nembeu yake mumba kuitira kuti mvura ikanaya inogutsa uye nguva yekudyara yakwana, kwave kuto pinda mumunda kundodyara. Ngati rangarirei kudyara nenguva uye tinokwanisa kusanganisa mbesa dzinowirirana pakudyara kuitira kuti dzibatsirane.



Kuchera makomba

Madyariro

Nzungu

8 -10 mbeu mugomba rimwe chete

5 cm kubva pambeu imwe kuenda paneimwe

Huwandu 140 – 160000/ ha)

Chibage

2-3 mbeu pagomba rimwe nerimwe

20 cm kubva patsanga kuenda paneimwe

Huwandu 37000 – 56000/ha

Maringazuva

2-3 mbeu mugomba rimwe chete

5 cm kubva pambeu kuenda paneimwe

Huwandu 37000- 56000/ha

Masanihembu

Iyi tinoimwaya mumuforo

Soya beans and Sorghum (Mapfunde)

10-12 pagomba pega pega

5cm kupane mbeu imwe neimwe

Huwandu 125- 150000 / ha

Mujumbuya (Cassava)

1 pagomba pegapega
Huwandu 18 500/ ha

Cotton

6-8 pagomba dzisina kugezwa, 2-3 dzakagezwa
Huwandu 37500 – 56000/ ha

Mhunga

5-8 mbeu pagomba
Huwandu 160- 210000/ ha

Nyemba

7-8 mbeu pagomba rega rega
5cm kubva pambeu yogayoga
Huwandu 115 – 120 000/ha

3. Kusimura mbesa (Thinning)

Zvakakosha kuti murimi apote achisimurira mbesa nekuti mbesa dzikakura dzakawanda mugomba rimbe dzinotanga kukwikwidzana pamwe nekupisana. Izvi zvinogona kudzikisa goho. Apa ruchiva harifaniri kupinda mumirimi nekuti goho rinoderera.

4. Kusakura masora

Panongoratidza kuti mbesa dzati simukei, murimi anofanira kudzurira masora. Mbesa hadzifanirwi kukurira masora nekuti goho rinodzika. Kana zvichibvira murimi ngaarambe arimumunda achidzurira sora. Masora haafanirwi kusvika patumbuka achiita mbeu nekuti mwaka unotevera masora anowanda



Kurwa nesora

5.Kuiswa kwemanyowa emvura

Manyowa emvura anofanirwa kugara akagadzirwa, kuitira kuti mbesa dziwaniswe simba rekukura.

Hatitarisiri kuti manyowa anozogadzirwa mbesa dzave kurakidza kushaya chikafu muvhu.

Manyowa emvura anogadzirwa nemanyowa emhuka dzakasiyana siyana asi madororo ehuku ndiwo anonyatsokurumidza kurakidza shanduko.

Manyowa aya anofanirwa kuiswa mumunda chete kana mumunda muine hunyoro kwete kumashandisa semvura yekudiridzira

KUPETA

Kurima kwekuchengetedza zviwanikwa kuno budirira, uyekunogona kusimudzira upenyu hwedu kana tikashanda nesimba. Chakanyanyo kosha ndechekuona kuti tiri kuchengetedza here nharaunda yedu uye kuti marimiro atirikuita haasi kuzokanganisa here hutano hwe vhu redu neremangwana redu. Hongu tingafarira mafetereza nemishonga yechirungu asi nerimwe divi ngatizivei kuti tinenge tichitema davi remuti ratakagarira.

**Ndimba Yechina: Kufusha Mari (mukando)
Zvinangwa Zve Chitsauko**

Chikamu chokutanga

Kuzvibvunzurudza (individual Screening)

Vavariro iriyekuzivisa vadzidzi vanhu vangasarudzwe kuumba boka remukando

- Kuziva mashandiro emukando
- Kuziva manyorerwo ebumbiro remutemo remukando
- Kuziva manyorerwo emabhuku emukando
- Kuziva machengetedzerwe anoitwa mari

Nhangaruvanze

Mukando inzira yakurumbira irikushandiswa nevarimi mumatunhu akawandawanda mukuedza kuwandudza mari mumatunhu avanoshanda vari. Tsika iyi yemukando yakurumbira kune dzimwe nyika dzino sanganisira China, Cambodia ne dzimwe dzakawanda wanda dziri mu Africa. Inyika dzakawanda dzirikushandisa chirongwa ichi uye chirikuratidza kubudirira kumasangano akawanda ariku chishandisa.

Zvishuviro Zvomukando

- Varimi vaunganidze mari munharaunda mavo
- Varimi vasatongerwa pamari yavo
- Varimi vasimudzirike muhupenyu hwavo mumatunhu avari
- Mari yevarimi iwandudzike nekukurumidza
- Upfumi hwe nharaunda hubudirire

Zvinangwa

- Kuvane ruzivo rwokusarudza vanhu vanoumba boka
- Kuziva kuti vazvipira here kupinda munyaya dzomukando
- Kuzivawo zvakanakira kana kuipira; munhu waurikupinda naye muboka remukando

Ndivanaani Vanofanira Kupinda Mumukando

Kuti mukando unyatso buda zvakanaka, vanhu varikubatana kupinda mumukando vanofanira kuongororwa kuti vanowirirana here, vanombowana zvakadii, havazonetsani here nekufamba kwenguva. Mukutsvagisisa uku vanhu vanogona kuzvitarisa kana kutariswa ne vamwe kuti wakamira sei. Kuzvibvunzurudza uku kunobatsira kuti tive ne ruzivo kuti urimunhu akamira sei; ruzivo urwu runenenge ruchibuda mune zvinotevera.

- Hunhu
- Zvaunofarira
- Zvavakavenga
- Kugarisana ne vamwe munharaunda
- Hupfumi
- Hukwanisi wako kushanda ne vamwe

Kuti Ruzivo Urwu Rubude Pachena Tinogona Kushandisa Zvinotevera:

1. Mufananidzo womuviri womunhu; kuti muviri wakaumbwa ne nhengo dzomuviri dzakasiyana siyana asinhengo yogayoga iine basa rayo.
2. Boka=vanhu= munhu=unhu; Patinosarudza vekuita navo mukando tinotarisa unhu hwemunhu kuti tizoti munhu akanaka wekushanda naye. Tikawana vana vashanu vakanaka tinenge tave ne vanhu vanozoumba boka.
3. Mukomana arikutsvaga musikana wekuroora; chii chaanotarisa kuti azoti uyu ndiye chaiye anoita. Ndiwo mamwe amasarudziro atinoita vekupinda navo muboka remukando. *Murume ngaatange azvitarisa asati atarisa musikana waangada*

Kuongororesa Hunhu Hwemunhu

Tinogona kutora tumapepa totunyora hunhu hunowanikwa mumunhu uye mafambidzanire anoita munhu nevamwe, kwakuti vanhu vatunonge tumapepa itwotwo twoverengwa tichiona kuti unhu ihwohwo hungagadzirisika here kana kuti kwete kuitira kuti tikwanise kushanda tose.

Unhu (personality)

- Ndinonyima
- Ndine hutsinye
- Handitambiri pfungwa dzevamwe
- Handidi kuti upenyu hwangu huzivikanwe nevamwe
- Handinei nematambudziko evamwe
- Handinei nemitemo inodzikwa
- Ndinongotaura kana ndanzi nditaure
- Ndinoita zvinhu kana ndave kuda
- Ndichamirira pavachakundikana
- Handidi zvangu zvekubvunzwa
- Ndakangwarira
- Ndinoziva zvose
- Kana paita dambudziko ndinonyarara
- Handidi zvekupikiswa

Hubatira pamwe (participation)

- Handina nguva yekuenda kumisangano
- Ndini ndakabata boka
- Ndini ndinoziva kushandisa mari
- Murume wangu ndiye anondiitira zvose
- Hapana chinoitika ndisipo
- Ndinofanira kushandirwa nevamwe
- Handinei nekusanyatso shandiswa kwe mari
- Handidi kuudzwa zvekuita

Pfuma (socio-economic status)

- Ndini ndoga ndinemari yokuchengeta
- Handina mari ndirimurombo
- Handina chandinacho kana midziyo
- Mhuri yangu ndiyo inofanira kubatsirikana

Kana tave kuzvifananidza ne mhuka tinga zviisa pamhuka ipi

- Shumba, Tsuru, Tsoko neNzou

Hunhu watinotarisa mumukando

- Kutembeka/ kugondeka
- Responsible
- Kuyaruka mupfungwa
- Munhu anosvikika
- Patient
- Fair and just

Kubatira pamwe nevamwe

- Anotambira pfungwa dzevamwe
- Anoda kushanda nevamwe
- Anoda kugoverana nevamwe
- Anoda kubisa mari yake

Kuita Sarudzo

Tapedza kuongorora unhu hwedu ndipo patino chiona kuti nezvabuda izvi ndivanaani vandinga pinda navo muboka, ndivanaani vandisingafaniri zvachose. Ndipo zvakare patinobva tatoona kuti maboka edu toaronga sei. Toti tsuru dzoga here kana kuti dzosangana ne nzou vane mari dzavo zvavo.

Chikamu Chepiri

Mapoka Ne Hutungamiriri

Vavariro

Kupa Ruzivo rwakazara maererano nekuumbwa kwemapoka asinga punziki, uye anoshandira pamwe. Ne masarudziro ehutungamiriri pamwe nemashandire ahwo

Zvinangwa

- Kuti vadzidzi vazive maumbirwo emapoka akasimba
- Kuti vadzidzi vazive zvinopunza mapoka
- Kuti vadzidzi vazive mabasa emakomiti
- Kuti vadzidzi vazive zvinotarisirwa muvatungamiriri

Mapoka

Chatinoti boka chikwata chevanhu vanopfuura umwe vanobatana kuti vakwanise kuita basa ravo pamwe kuti vagosvika padonzvo ravo. Kazvinji boka rinenge riine hutungamiriri hunoritungamirira kuti rikwanise kubata donzvo ravasanganira.

Musiyano pakati pe boka neungano

Boka	Ungano
Misangano yakarongwa	Misangano isina kurongwa
Donzvo, chinangwa vanhu varikuziva kwavarikuda kusvika	Ruzhinji runogona kuve rising zivi kurikuda kusvikwa
Ruzhinji runoziva zvinangwa	Vaviri kana vatatu ndivo vanoziva zvinangwa
Vanhu vari muboka vano nyatsozivikanwa	Mazvake mazvake , apinda abuda, auya adzokera
Tinozivana	Hatinyatso zivana
Munhu wega wega anoziva zvaanofanira kuita	Mazvake mazvake
Zvatirikuita ndezvedu	Hazvisi zvedu
Huwandu hwevanhu hwatinoda	Chero huwandu huripo panguva iyoyo
Tinoshandira pamwe	Tinogona kusa shandira pamwe
Active participation	Participation not crucial

Experience yedu muma boka

Zvizvataka pfuura nemazviri mumapoka edu

Takambopindawo muma poka here kana kuti hatisati?

Takamaumba sei mapoka aya

Mune matambudziko atai sangana nawo here kana kuti kwete? Kana aripo taimapedza sei

Chii chaipa kuti mapoka edu asapunzika?

Masarudziro atingaita vanhu vemu boka

Tingasarudze sei vanhu vanga kwana muboka redu? Tinogona kushandisa zvinotevera.

1. Mhuka dzakasiyanasiyana ne hunhu hwadzo

Hutungamiriri

Mutungamiriri munhu akasarudzwa nevanhu veboka kuti aite basa ririkudiwa muboka kuti basa rifambe.

Hutungamiriri ibasa rinoitwa nemutungamiriri kuti boka rikwanise kusvika pachinangwa charo

1. Mufananidzo we bhazi pakutsanangudza hunaku hwe kuvapo kwe hutungamiriri nekushakwa kwaho
2. Mufananidzo we lorry risina musoro

Vatungamiriri vatinoziva nemabasa avo.

Ndevapi vatungamiriri vatinoziva nemabasa avo?

Mutungamiriri watinoda muboka	Mutungamiriri watisingade muboka
Anonzwawo kuti vamwe varikuti kudii asati apamutongo	Anopa mutongo oga
Anobvuma kutadza	Asingabvumi kutadza
Anokurudzira vamwe	Ane zindoga
Ano enzanisa	Anotongera favour
Anoti isu	Anoti ini
Haana kaaka rerekera	Anotora divi

HUTUNGAMIRIRI HWE MUBOKA

Boka roga roga rinofanira kuve nehutungamiriri kuitira kuti basa rifambe. Hutungamiriri hwe muboka hunosanganisira zvigaro zvinotevera:

1. Mubati wechigaro
2. Mutevedzeri we mubati wechigaro
3. Munyori

Mukando NeBumbiro Remutemo

Kana tichiita mukando tinodire bumbiro remutemo, rinoibatsirei:

1. Mitemo inoita kuti tishande pamwe seboka
2. Bumbiro remitemo rinotipa kuti seboka tikwanise kusvika padonzvo redu
3. Rinoita kuti ma members asarwa kana kurwisana
4. Rinoita kuti boka riremekedzwe

Kunyorwa Kwe Bumbiro Remukando (matanho Ekunyorwa Kwe Bumbiro Remutemo)

a) Zvinodiwa kuzivikanwa

1. Zita reboka
2. Address
3. Zuva raumbwa boka
4. Nzvimbo yariri
5. Zuva yaratanga kushanda zviripamutemo

b) Zvinangwa

1. Zvinangwa zveboka zvaripa kuti rite mukando ngazvibude pachena
2. Zvingwa izvi ngazvibude zviri smart (specific measurable achievable realistic and time bound)
3. Zvii zvamurikuda kuburitsa se boka
4. Zvii zvamurikuda kuburitsa sevanhu vari muboka

Zvinangwa zvedu zvinofanira kutanga zvabva nekuvanhu kusvika zvave paboka.

Zvikatanga nekuboka zvichidzika kuvanhu hazvishande uye kazhinji kacho boka

rinoputsika. Zvimwe zvezvinangwa zvedu zvinofanira kugadzirisa nyaya dzinotevera:

1. Ma members anofanira kukwanisa kubhadhara mari yavanowirira
2. Ma members anokwanisa kukumbira mari
3. Nguva ingada kuti boka richengete mari yaro yemukando

c) kusarudzwa kwe mamembers emukando

1. Ndivanaani vachava mamembers edu
2. Mamembers anojoina sei
3. Vanojoinira pakati tinovadii
4. Tingada kuita vangani paboka

d) Komiti yeboka

1. Komiti yedu ichange iinavanaani
2. Vachange vachiita mabasa api
3. Vanopinda sei pazvigaro
4. Vanogara kwenguva yakadii pazvigaro
5. Komamwe mamembers achaita basa rei

e) sarudzo

1. Mamembers mangani anofanira kuvepasarudzo
2. Ndiani achatungamirira sarudzo
3. Pachaita nguva yakareba sei kubva panoziviswa varikupinda pazvigaro ne pachitwa sarudzo
4. Mamembers acha vhota sei

f) Misangano

1. Tichaita misangano kangani
2. Munguva yakareba sei
3. Mamembers mangani anofanira kuvepo kuti musangano uitwe
4. Misoro yenyaya inoti kudii

g) Mari dzinobiswa nekukweretwa

1. Tichabisa marii
2. Riini uye kupi
3. Mari yatichabisa ndeyei (productive loan, social fund or both)
4. Tichaiendesa kubank riini
5. Tichaichengetera pai
6. Kana mari ikarasika kana kubiwa tichaita sei
7. Tichazogovana riini
8. Tichagovana yose here kana kuti tichasiya imwe

h) mukando wedu kana uri wemagariro edu (social fund)
Tichabhara marii

1. Kipi uye nguva dzipi
2. Ndeapi matambudziko atinopira munhu chikwereti
3. Tinopa chikwerete chinotangira pamarii kusvika pamarii
4. Zvii zvatingada kuziva kana kuita tisati tapa munhu chikwerete
5. Mari ye social fund ichachengeterwa kupi

i)Kwekuchengetera

1. Tichaendesa kubhanga here kana kuti kwete
2. Kana kurikubhanga ripi
3. Tichazorivhura tave nemarii
4. Ndivanaani vachasainira mari yacho

j) Zvikwerete

1. Ndiani anokwanisa kukwereta
2. Tinozopa zvikwerete mari yasvika papi
3. Imari yaticha kweretesa
4. Tichaisa ka mhuru kakadii
5. Chikwerete chichadzorwa kwapera nguva yakadii
6. Mamembers anematambudziko ekumba tingaabatsira here
7. Kana munhu atadza kubhadhara anoitwa sei

k) Mitongo

1. Anenge atyora chii achapiwa mutongo we chii
2. Mari dzemutongo dzichaenda kupi
3. Kozvisinga bhadhariswe zvii

l) Magadzirisiro emakakatanwa

1. Ndivanaani vachagadzirisa makakatanwa
2. Vachagadzirisa vachishandisa chii
3. Pachaitwa musangano here
4. Ndivanaani vachapinda pamusangano iwoyo

Social fund; iyi ndeye zvinetswa kana kuronga mafaro

Kuunganidza Mari Seboka

Tisati tatanga kuunganidza mari, mamembers ose tinofanira ku;

- Ziva chinangwa chatiri kuunganidzira mari
- Ziva uwandu hwe mari yatirikutarisira
- Ziva nguva yatinga tara kuti mari yedu inenge yakwana
- Ziva kuti mumwe nomumwe achabisa marii uye kuti inokwanisika here
- Ziva kuti ticha bias marii uye kangani pa mwedzi

Kuwandudza Mari Yatirikuunganidza

- a. Ma members vanogona kubhadharisana (joining fee) iyi imari inowandudza mari yemukando
- b. Mari inobiswa nemamembers inogona kuwiriranwa kuti yo biswa pa vhiki, vhiki mbiri, pamwedzi zvichienderana nekuwana kwe boka
- c. Boka rinogona kutanga ma projects kuitira kuti mari ikurumidze kuwanda
- d. Kuisa kamhuru pamusoro pemari iriku kweretwa
- e. Kubhadharisana kana munhu atyora mutemo
- f. Kuendesa mari yedu kuma finance houses kuti inoita mhuru dzinenge nani
- g. Kutenga midziyo kana zvipfuyo tichitengesa

Mafambisiro Atingaita Mari Yemukando Kana Ichiri Shoma

- a. Munhu wose ngaawane mukana weku kwereta
- b. Vanoda zvavo vasingatyi zvikwerete ngavapiwe asi kana yawanda munhu wose ngaatore
- c. Mari yose haifaniri kupiwa kumunhu umwe

Kuchengedzwa Kwakanaka Kwemari Yemukando

Kana tikasanyatso chengetedza mari inogona kubiwa kana kushandiswa nemubati we homwe tisingazivi. Saka nekudaro tinogona kuita zvinotevera:

- a. Mari inofanira kuiswa kubhanga kana yawanda
- b. Mari ngaikwereteswe yose, isagara nemubati we homwe
- c. Mari ngaitenge midziyo kana zvipfuyo

Nhangaruvanze

Kune zvirwere nehudyi hwakawanda hunowanika pose panenge parimwa mbesa nemurimi. Nekudaro murimi woga woga anosungira kuve ne ruzivo rwoku deredza hudyi ne zvirwere mumbesa dzake kuti awane goho riri nane. Kune nzira dzakawanda dzinga shandiswa nemurimi kurwisa udyi ne zvirwere mubindu rake. Dzimwe nzira dzacho tikasa dzingwarira dzinogona kukonzera kuwanda kwe hudyi uye kana kutokuvadza murimi pamwe neachatenga zvabuda mumunda. Nokudaro varimi vanokurudzirwa kushandisa nzira iyi yekushandisa zviwanikwa zvakatikomberedza uye ichi shandisa nzira dzawanda wanda pakudzivirira udyi nezvirwere. Nzira iyi inochengetedza nharaunda pamwe chete nemurimi kusanganisira achatenga wacho.

Nzira Dzakawanda Dzokudzivirira Zvirwere Nehudyi (integrated Pest Management)


Nzira iyi yokudzivirira udyi nezvirwere inoshandisa tupukanana tunorarama nekudya tupembenene, pamwe nekushandisa nzira dzokuteya hudyi, kuita zvose zvingaitwe kuti udyi huderere zvinosanganisira utsanana, kudyara nenguva nezvakadaro. Nzira iyi yakanakira kuti inoshanda ne nharaunda uye inodzivirira nharaunda.

Kusanganisa (Integrated)

Pakusanganisa tinoreva kuti murimi haatarisiri kushandisa nzira imwechete kudzivirira udyi ne zvirwere. Nzira idzi dzinowanikwa kubva kunevamwe varimi, vanamazvikokota mukugadzira mishonga yezvakatikomberedza pakurwisa udyi ne zvirwere.

Hudyi

Kana ticchiti udyi tinoreva chose chinodya mbesa dzomurimi kana kudzikanganisa kuti dzisa kura kana kubereka zvakanaka.



Zvakanakira Kushandisa Zvakawanda Wanda Pakudzivirira Hudyi

Varimi vazhinji vanoda kuona tupembenene tuchidonha pasi kufa kana mushonga wafiritirwa, chavanokanganya ndechekuti samba rekuuraya kamwe chete iroro haripereri pachipembenene ichocho chafa. Ukasha ihwo hwo hunopind muvhu mumvura pamwe nemumhepo hwokanganisa upenyu hwe zvisina mhosva. Izvindezvimwe zvikonzero zvatino kurudzirira kushandiswa kwe IPM

Kuenderana Kwezviwanikwa (keeping A Balanced Ecosystem)

Zviwanikwa zviru munharaunda zvinosanganisira zvipenyu nezvakafa, nekudaro pakugarisana kwazvo zvinofanira kuvezvichienderana. Somuenzaniso makudo akawandisa padunhu kupfuura zvaanodya zvomusango, zvinhu hazvimiri zvakanaka. Mbeva dzikawanda kupfuura katsi panoitika dambudziko. Nokudaro tinokurudziwa kuenderana kwezviwanikwa. Patinoti mushonga yekufiritisa yekuzvitoro yakanaka nekuti inouraya zvose tinenge tichizvinyengedza.

Mishonga Yechirungu Inogona Kushaya Basa (pesticides Can Be Ineffective)

Hapazi pose patingati mishonga yechirungu inoshanda, hudyi hunogona kusvika pakutivirira mushonga zvokuti kana ukashandiswa hudyi hauchafi. Kune zvinyorwa zvakanakawanda zvinotsinhira kuti mishonga yechirungu irikushandiswa asi tupembenene tusingafi.

Ipm Haina Kuoma Kushandisa

Nzira iyi yekushandisa nzira dzakanakawanda wand hainetsi kushandisa, hazvidi dzidzo yakadzikadzika. Kana nanizvake anogona kuzvishandisa kudzivirira hudyi ne zvirwere.

Kuchengetedza Mari

Iyi inzira yaka chipa yekudzivirira udyi nekuda kwekuti inoshandisa zviwanikwa zvakatikomberedza.

Kuchengetedzeka Kwe Nharaunda


Nzira iyi ino chengetedza nharaunda nekuti mhengo, ivhu, mvura hazvikanganiswi nekuti zviwanikwa ndozvinenge zvichishandiswa. Zvoso zvinoshandisa zvinoora. Ruzhinji rwevanhu rwave kutsvaga zvinhu zvakanaka zvinhu zvisingakuvadzi nharaunda uye utano hwavo. Nokudaro nzira iyi inobva yatambirika zvakanaka chose neruzhinji.

Zvitevedzwa Pakushandisa Nzira Dzakawanda Kudzivirira Udyi (IPM Principles)

1. Chidanho Chinotambirika

Hudyi hatife takaupedza kuti tsvai, hucharamba huripo kunyange tikashandisa mishonga yechirungu inesimba raka wedzerwa. Murimi akada zvake kuvavarira kuda kupedza hudyi, zvinogona kuderedza homwe yake zvakasimba, uye kukuvadza nharaunda. Nokudaro udyi tinogona kushanda nazvo uripa chidanho chinotambirika. Patinoti chidanho chinotambirika tinenge tichireva marimwe rimwe ehudyi mumumunda. Izvizvinotibatsira kuchengetedza mari, utano pamwe chete ne nharaunda uye kuti hudyi husapedzisira hwave kutivirira mushonga.

Hudyi haufanirikuwandisa mumunda




2. Dziviro yehudyi nezvirwere

Murimi anosungirwa kuedza chose kudzivivirira udyi kuburikidza nekusarudza mbeu dzinotivirira zvirwere, kuva nechokwadi kuti mbesa dzine utano, mbesa dzine utano hadzinyanyo kanganiswa nehudyi nezvirwere. Igaroziva kuti mbesa pachayo ine kaku zvidzivirirawo pachayo. Murimi anokurudzirwawo kuita hutsanana mubindu kuitira kuti zvirwere ne hudyi zvisangoramba zviru mumunda make.

3. Kumema (Monitoring)

Murimi anosungirwa kupota achimema munda wake apo neapo. Tinosungirwa kufamba mumapindu tichitarisa kuti hudyi nezvirwere zvavemo here kana kuti kwete. Tozosungirwa

kufamba tichi nyatso ongorora mbesa dzedu. Apa tinosungirwa kuto penengura mashizha pasi pawo tichitarisa. Tinosungirwawo kuchengeta zvinonyorwa zvinobva mune zvaturikuona patiri kufamba tichitarisa.



Kumema munda

4. Mishonga yechirungu

Kana udyi hwasvika pakanyanyisa pekuti haticha kwanisani nahwo murimi anogowo kuzoshandisa mishonga yechirungu. Izvi zvinobvumirwa pakushandiswa kwe IPM. Izvi zvinozongoitwa bedzi kana taedza zvimwe zvose zvaramba.

5. Kushandiswa kwezvino rarama

Murimi anosungirwa kushanda ne shamwari dzomurimi idzo dzinorarama nekudya zvipembenene zvinodya mbesa. Shamwari idzi dzinogona kuvakirwa tumba mumapindu edu. Mienzaniso inosanganisira matatya, nyoka, mago, mazingizi nezvimwewo. Tinogonawo kushandisa mbesa dzinonuhwa dzakaita se garlic nemamwe maherbs anodzinga hudyi.



Murimi anogona kushanda neshamwari dzomurimi

6. Kuteya

Kune humwe hudyi husingaite kufirita kunyange mari ikawana, hudyi uhu hwakafanana ne Nguruve dzemusango, Tsoko, Makudo nezvimwewo. Hudyi hwakaita sehwadomewa tinosungirwa kuhuteya nemiteyo yakasiyanasiyana.

Kudzivirira Bindu Redu Kubva Kuudyi Nezvirwere

IPM tinogona kuita chero pose patiri kurima mbesa dzedu, mungave muma taundi, kumamisha kana mumapurazi. Chinongodiwa kuziva kuve neruzivo, kupota tichiongorora mapindu kuti tirege kusazongoona hudyi hwave kufashukira mumunda. Kana tave kuti tave kupinda mumapindu kuno dzivirira hudyi tino sungirwa kukoshesa zvinotevera:


1. kunyatso ziva chipembenene chawakatarisana nacho

Murimi asati atsvaga mushonga wekufirita kana kuti nzira yaangada kushandisa kudzivirira udyi, chekutanga kunyatso tarisisa nekuziva udyi waakatarisana nayo. Wozo chiona kuti

wogadzira mushonga kana nzira yekudzivirira yakadii. Ukasatarisisa udyi wauri kunangana nawo unozo pedzisira waakugadzira mushonga usingashande ku udyi iwoyo.


2. Ruzivo pamusoro pamararamiro ezvipembenene

Pamwe patinozona udyi hunenge hatotekeshera, kugadzira mushonga kunenge kwave kupedza nguva. Mukurarama kweudyi pane danho rinogona kuva nyore kudzivirira. Zvipembenene zvizhinji zvino tanga ari mazai zvoenda pa mazana zvezoita zvipembenene. Nekudaro pane danho riri nyore kudzivirira, rikangopfuura dziviriro inogona kuve isisna samba. Semuenzaniso tirikuti murimi anogona kuuraya achiri mazai kana tuvana zvisati zvasvika pakuve chipembenene.



3. Tsvagurudzo panharaunda yakatenderedza bindu

Hudyi nezvirwere zvakawanda zvinobva munharaunda yakatikomberedza nekudaro murimi anokurudzirwa kuti aongorore nharaunda yakamukomberedza kuti aone kuti hakisikubva udyi here kana zvirwere. Semuenzaniso zvirwere zvakaita sei *leaf rust* zvinobva musango, *red spider mite* inobvawozve musango. Kana zvichibvira utsanana ngahutangire kunze kwe mapindu edu.



Heji inotibatsirawo kuderedza udyine zvirwere zvinopinda mumunda

4. Ngapave nemu ganu weuwandu weudyi (threshold)

Tinosungirwa kuzopinda mumapindu medu kana zvirwere kana udyi wasvika pane chimwe chidanho. Hatingangoti kungoona chipembenene chimwe chete tave kuto tenga mushonga wekufirita. Tingangodaro chinobuda mumapindu medu hapana. Panee huwanduhunogona kusa kuvadza bindu redu, panehumwewo hwekuti tikarega chinobuda hapana.

5. Sarudzo yenzira dzokushandisa

Kana taona uwandu hweudyi kana kuti zvirwere zvasvika pachidanho chisingachagamuchiriki, ndipo panokurudzirwa murimi kusarudza nzira dzakatiwande ndokupedza dambudziko rapinda mubindu. Murimi anogona kusarudza kushandisa zvinorarama (biological, kana kufirita (botanical)

6. Tarisiso yebasa rawaita

Murimi anokurudzirwa kupota achitarisa basa raakaronga kuona kuti riri kubuda zvakanaka here. Somuenzaniso murimi anogona kushandisa muti kugadzira mushonga, muti iwoyo wotadza kunyatsoshanda. Kana avekutarisisa basa rake anogona kuona kuti chipembenene chaakatarisana nacho kana chisina kufa nemushonga waagadzira zvoreva kuti anofanira kugadzira mumwe achishandisa mumwe muti kana kufirita vari vana vechipembenene.



kuongororakushanda kwemushonga washandiswa

Nzira dzokudzivirira ne rwisa udyi nezvirwere

Nguva zhinji nzira ye IPM ndeye kudzivirira udyi nezvirwere pane kurwisana nazvo. Kurwisa kuno tora homwe yemurimi yakakura pane kudzivirira kutiudyine zvirwere zvisatombovepo.

Dziviro (cultural Controls)

Sekutaura kwataita pakutanga, kudzivirira kuti udyi nezvirwere zvisavepo ndiyo nzira yomurimi yokutanga. Kurwisana nazvo ndicho chinhu chokupedzisira asi chokutanga kudzivirira kuti udyi hwacho huite hushoma hunouya. Idzi ndidzo dzimwe dzenzira dzinogona kushandiswa kudzivirira kuti udyihuite hushoma.

1. Hutsanana

Hutsanana huno batsira kubvisa tsvina mumapindu, uye nzvimbo dzingango gona kuhwanda hudyi huchizoenda mumapindu edu. Tinogona kupiruna mbesa, kubisa mashizha madhara uye kupisa kana kuisa pamaorera madzinde embesa dzine zvirwere.

2.Kuchinjanisa mbesa

Kuchinjanisa mbesa kuno kurudzirwa zvachose munyaya dzekurima. Kuno batsira kudimbura hupenyu hweudyi mumapindu edu. Pose patinenge tave kuchinjanisa mbesa tinofanira kusa dzokorodza mbesa dzemumhuri imwe chete.



Tinogona kusanganisawo kana kuchinjanisa mbesa

3.Kupota fichipindura ivhu

Murimi anokurudzirwa kupota achipindura ivhu romumubindu rake kuitira kuti zvirwere neudyi zvimboiswa pazuva. Zvizhinji zvacho zvinogona kumbofa.

4.Pokusvikira poudyi

Murimi anokurudzirwa kudyara mbesa nechekunze kwebindu rake. Idzi mbesa dzinenge dzichishanda sedze kudzivirira mbesa dzirimukati. Vamwe varimi vanogona kuto dyara vachisanganisa mbesa kuitira nyaya iyoyi yekuti hudyi husvikire pambesa idzodzi.

5.Kubata namoko

Murimi kana achirima zvake padiki anogona kutsvaga udyi achihubata otsvanya namaoko, kana kushandisa chimwe chunhu. Muenzaniso ungava we kutora simbi tete kwakufamba uchibaya hozhwa uchinozopa zvako huku. Vamwe vanoita zvekugeza udyi hwakafanana ne nhata dzomumuriwo.

- ü Magadziriro: kohwa mashizha ngaatswane asanganiswa nemvura inopisa wosiya kwezuva rimwe. Wosefa wofirita. Isa tusipo

Fodya/ Tobacco

- ü Inouraya hudyi hwakati wandei.
- ü Magadziriro: shandisai mashizha akatswanywaoradzwa mesefa mofirita
- ü NB Fodya inouraya kana zvipembenene zvisina mhosva

Sisidhori/lantana Camara

- ü Unouraya twakawandawanda
- ü Magadziriro: Torai mashizha 250 g motswana mosanganisa ne mvura moadza wozofirita

Nhundurwa/ Bitter Apple

- ü Inouraya: nhata, mawhitflies, mafruit flies nescale.
- ü Magadziriro: kohwa nhundurwa dzaibva(1kg-5 litres of water) dzidzvurewosanganisane mvura wofirita

Chowa/Datura Stramonium

- ü Chouraya zvakawandawanda.
- ü Temha mashizha, chanza choruoko wo sanganisa nemvura yakabhoiriswa wozvisiya kwezuva wosefa wofirita

Tsine /Black Jack

- ü Inouraya: masvosve ne red spider mite
- ü Magadziriro: kohwa mbeu chanza chimwe chete movirisa mumvura kwe 20-25 minutes, zvopora mofirita.

Mupfuta/ Castor Bean

- ü Unouraya: makonye, nhata, mawhitflies, zvirwere zve chakwindi, zvama bacteria uye inodzinga ma nematodes.
- ü Magadziriro: kowhai mashizha anokwana 250g motswana moisa mumvura inotonhora moradza mosefa mofirita

Mhiripiri/ Chili

- ü Inouraya zvipembenene zvine miviri yakapfava.
- ü Magadziriro: Dzvurai kana kukuya mhiripirisanganisai 1table spoon ne1 litre yemvura.

Manuhwanuhwa/Feverfew ne Wormwood

- ü Inouraya: nhata, masvosve, red spider mites, nema butterfliesü Magadziriro: kohwa mashizha wotswana wosanganisa nemhura inopisa zvorara wosefa wofirita

Garden Rue

- ü Inourayazvipembenene zvakawanda wanda.
- ü Magadziriro: torai mashizha chanza moisa mumvurainopisa mosiya kwe zuva mosefa mofirita

Garlic

- ü Inorwisa zvirwere zvakasiyana siyana zvinosanganisira mabacterial, chakuvhu nemanematodes. Inourayawo zvipembenene zvakati kuti.
- ü Magadziriro: kowhai garlic yaibva moikuya kuti iite hupfu mosanganisa 300g ne 1 litre yemvura. Wedzerai tusipo mofirita

Chitupatupa/Tephrosia

- ü Chinouraya zvipembenene zvakawandisa
- ü Magadziriro: kowhai mashizha anokwana (250g- 1 litres) moatswana mosanganisa nemvura 1 litre inopisa moradza mosefa mofirita

Mupopo/ Pawpaw

- ü Inouraya nhata ne makonye ne ma whiteflies.
- ü Magadziriro: kowhai mashizha motswana mosanganisa nemvura inopisa moradza mosefa mofirita.

Marigold


- ü Inouraya: manematodes, masvosve, macabbage rot fly nemanematodes
- ü Magadziriro: sanganisai mashizha e marigold neemukina mumvura inopisa mosiya kweezuva, mosefamofirita

Zumbani/ Lippia Javanica

- ü Rouraya: masvosve, nhata, leaf minors nemujuru.
- ü Magadziriro: sanganisai mashizha nevana vacho motswana moisa mumvura inopisamosiya kwezuva mosefa mofirita.

Kushandiswa Kwezvinorarama (biological Controls)

Nzira IPM ine twakawanda wanda tunogona kushandiswa nemurimi kuderedza hudyi. Murimi anogona kushandisa tunorarama kuderedza udyi mubindu rake. Kune dzimwe nyika dzavemberi kwedu shamwari dzomurimi dzinototengeswa muzvitoro. Zvisinei shamwari dzomurimi dzakazara musango uye dzinongo uya dzogamumapindu edu kana tisinga shandise mishonga yechirungu inozvipedza kuuraya.



Shiri dzimwe dzinoderedza udyi mumapindu

Kuti titi tineshamwari dzomurimi dzakanaka tinofanira kuve nechokwadi kuti zvinotevera izvi zviri kuwanikwa:

1. Shamwari yomurimi inofanira kuve inokurumidza kuberekana kuti irambe iri pamusoro pehudyi pauwandu, kwete kukurirwa nehuwandu hwe udyi.
2. Shamwari idzi dzinofanira kuve dzinogona kufambafamba dzichitsvaga chikafu mumapindu kuti zvisangane ne hudyi.
3. Ngadzive shamwari dzinogona kugarisana nedzimwe shamwari pasina kukanganisana.
4. Ngadzive shamwari dzinowanikwa nguva dzose, uye dzinogona kurarama kana hudyi hwavekuderera.
5. Shamwari idzi dzinofanira kuve dzinogona kurarama muziradzakasiyanasina dzinenge dzichiitwanemurimi mukuedza kuderedza hudyi.

Zvemisika Kana Kuti Zvekutengeserana

Bhizimusi rinobudirira chete kana takwanisa kutengesera zvabuda mubhizimusa redu. Uye tikakwanisa kuwana misika ino bhadhara uye vatengi vano dhadhara mari yatinengetakatarisira. Kana pasina izvozvo bizimusi redu harina zvarinoreva.

Zvinoita Kuti Musika Ufambe

- Kuziva kwekuwana vatengi nekuziva zvinoda vatengi
- Sarudzo yemisikainobhadhara mariirinane.
- Kugadzirisa zvauri kutengesera kutizvienderane nemusika.
- Kuisamitengoyakanakainoenderana ne nzvimbo
- Nhaurirano nevatengi nekuvakwezva.
- Kuchengetedza vatengi nekukwezva vamwe

Chimiro Chembesa Dzedu

Kuti tibudirire mubhizimusi ratirikuita tinofanira kunzwisisa bhizimusi ratiri kuti rakamira sei. Zvatirikutengesera zvinodei uye tinga zvibata sei.

- Nguva —Zvatinotengesera zvinofamba nenguva.
- Kuora—Zvatinokohwa zvinoora.
- Mitengo—Mitengo inokwira nekudzika.
- Zvinobuda zvinogona kuwanda kanakushomeka
- Huwandu—huwandu zvichienderana ne mitengo
- Makwikwi kubva kune vamwe

Kupeta

Varimi tinofanira kurima tichiziva kuti ibhizimusi pacharo, vazhinjivedu vakabudirira kuburikidzanekurima. Yavenguva yekuti tirime tiine chinangwa tichiziva zvichabuda kubva patiri kushanda. Kurima kwedu kunofanira kuve kuine huronga uye budget tisati tatombotanga kuita basa.

**Ndimba Yechinomwe:
Hochekoche Mubhizimusi Rekurima (value Chain Development)**

Zvinangwa Zvechidzidzo

- ü Kuziva zvinhu zvingakanganisa misika yedu
- ü Kuziva mashambadziro
- ü Kuziva zvatingaita negoho kuti ritengeseke
- ü Kuziva vatambi munezvekutengesa
- ü Kuzivamakwezverwo emisika inobhadhara

Nhangaruvanze

Varimi vazhinji takadzidziswa nyaya dzekutenge sambesa dzatinokohwa muzvidzidzo zvakasiyanasiyana asi zvichakangodaro mbesa dzedu dziri kunetsa kutengeseka. Iyi ingave nyaya yekuti pane parikusrira pabasa kana zvidzidzo zvekutengesa. Chidzidzo chechochekeche pakutengesa chinogona kusunungura dambudziko irizvinhu zvikafamba.

Tinoona kutimurimi wogawoga arikusangana nematambudziko arikuita kutibasa rake rekutengesa mbesa dzake rirege kufamba zvakanaka. Misika iriko asi maiitire ayo haasi kufadza murimi wanhasi. Vamwe vane zvimwe zvokuita vakatosiyana nekurima nekuda kwe nyaya iyi. Asi tinoonakutikutizakurima haisiyo mhinduro. Mhinduro kutarisana nazvo kwakutsvaga zvatingaita kuti tibudirire uye tose tibve pamusika tichifara.

Matambudziko

- Kusabatana kwevarimi
- Kurasirwa kure kwevarimi mune zveku tengeserana
- Kushaiwa mukana kwevarimi kuti vawane zvokushandisa
- Kushaiwa mari
- Makoronyera
- Zvekufambisa

Hochekoche Mune Zvekutengeserana (value Chain Development)

Chinangwa chihombe che hochekoche mune zvekutengeserana ndeche kuti murimi akure kusvika pakuzvimirira kuburikidza nebasa rake. Murimi anogona kukura chete kana mari yaanowana mukutengesa yave kukwanisa kuchengeta mhuri inevanhu vashanu.

Hunaku Hwe Hochekoche

- Mitemo inochinjinurwa kuti ibatsirewo murimi
- Kuwanikwa kwezvekushandisa nemurimi
- Kuwana vatengi vano tenga nemari irinani
- Kuwana ma contracts

Musika Chinombove Chii

Musika inzvimbo inosanga mutengi nemutengesi vachiita bhizimusi ravo. Tinotarisira kuti misika iyi inofanira kufadza mapoka maviri ava asi zviripo ikozvino ndezvekuti murimi haana chaarikubuda nacho. Zvimwe zvezvikonzero ndezvekuti:

- Kusabatana kwe varimi
- Kusatora kurima se bhizimusi
- Kukanganiswa kwemisika nevanopindira (makoronyera)
- Nzvimbo yatinoshandira



Kuti Misika Yedu life Zvirinane Tinofanira

- Kuvanechokwadikuti zvekushandisa zvawanikwa nemuri wose
- Kuwana ruzivo rwe zvemisika nguva iripo

- Kuwanawo zvikwerete
- Kuwana zvokufambisa nenguva
- Kuva nechokwadi kuti mbesa dzedu dzine hunaku
- Kuwana rubatsiro kubva kuna vana mazvikokota
- Mitengo iri nane

Zvinofambisa Mbese Dzedu Mumisika

- a) Kwatiri kubatira basa (Production Concept) Kurima zvakawanda uye zviine hunaku, hazvifanirwi kupera pamisika yedu
- b) Chataburitsa (Product Concept) Kushanda nezvabuda kuti zvikwezve mutengi, kana kugadzurudza kuburikidza neku processor
- c) Matengesero (Selling Concept) Kuvanechokwadi chokuti tashambadza zvakakwana mbese dzedu

Zvinga Wandudza Misika.

1. Varimi (producer)

- a) Vawedzere uwandu hwavo
- b) Vawedzera ndima dzavanorima
- c) Vawedzere ruzivo
- d) Vawedzere uwanduhwe zvavanotengesa nekuramba vachiendesa kumusika

2. Zvabuda(Product)

- a) Zvakohwiwa zvinofanira kuve nehutano, hunaku uye zvakasvika
- b) Kusarudzwa kwembeu dzinotivirira
- c) Hutsanana mumapindu kusvika pakutengesa
- d) Kurongedzera wo pakanaka
- e) Kushambadza
- f) Mutengo wakaringana

Asiwo ngatizivei kuti hochekeche haishandi yoga, inoshanda nehumwe hunyanzvi hunosanganisa kurima tichishandisa zvakatikomberedza, kuchengetedzwa kwe zviwanikwa.

ZVATINOFANIRA KUONA MUHOCHOKOCHU

1. Kushandira pamwe (Participatory)
2. Kuva negwara (Systematic)
3. Rusanganiso (Inclusive)
4. Kuvone tumapazi (Sub- sectoral)
5. Kuvone nzira dzebudiriro dzakawanda (Multi-dimensional)
6. Kuenderana ne zvatakatarisana nazvo (Contextual)

1.Kushandira pamwe mu: (Participatory)

- a) Kunzwisisa zvirikuda musika
- b) Kubatsirana kuongorora parikufira musika wedu
- c) Kunzwisisa mikana irimo mumusika yedu
- d) Kubatira pamwe pakutsvaga zvinoshanda ne zvisinga shandi

2. Kuva negwara (Systemic)

- a) Gwara remusika rinevatambi vakati kuti varimariri nehukama huri pakati pavo, vatambi ava vanofanira kunzwisana
- b) Kunzwisisa kuti vangani vanebasa mune zvekusika wedu

3.Rusanganiso (Inclusive)

- a) Kuvapo kwe mukana kumutambi wose anechekuita kuti awane chokutaura nechokuita.
- b) Kuva neruzivo nehunyanzvi nenyaya dzemusika kuitira kuti nhaurirano dzigobudirira.

4. Kuvone tumapazi (Sub-sectoral)

Kuvandudzika kwetumapazi tudiki 'sub-sector'.

5.Nzira dzebudiriro dzakawandawanda (Multidimensional)

- a) Zvehupfumi, zvehugaro hwavanhu, zvevatongerwo enyika, zveugaro hwevanhu zvinofanira kuve nechekuita nemisika yedu.

6. Kuenderana ne zvatakatarisana nazvo (Contextual)

- a) Rutsigiro runofanira kuvepo runoenderana nezvatiri kushambadza mumisika kubva kune vanotsigira zvatinoita.

Matanho Emu Hochekoche

Kusarudzwa kwa project yekushanda nayo

1. Ongororo yezvemusika

2. Kuunda pamwe vose vanechekuita nemusika:

- i) Gadziriro
- ii) Kuvaka ukama kuburikidza nekutaurirana uye ma workshop

3. Gadziriro yebasa ratichaita

- i) Kudzidzisana
- ii) Kunyorwa kwamabasa atichaita

Hukama Hwe Chikamu Nechikamu Nyana (relationship Sector, Subsector And Vc)

1.Chikamu: Kurima nekufuya

- Ø Chikamu nyana: Kurimwa kwe miriwo (madomasi, magaka)
- Ø Sub VC /channels-According to end product-table tomatoes sold in supermarkets.

2.Chikamu Kurima nekufuya

Chikamu nyana: Zve mukaka (cheese,yoghurt)

Sub VCs/Channels-According to end product –Fresh milk sold in supermarkets

3.Kurima nekuya

Chikamu nyana: mbasa dzemafuta

VCs-sunflower, rape seed, soyabeanSub VCs/channels –According to end product
sunflower oil sold in supermarkets

Masarudziro

- Muchabuda mari here
- Ichagadzirisa nyaya ye nhamo here
- Ko haikanganisi nharaunda
- Mikana iripo here yekusimudzira zvemari kana tichirovanisa nemamwe maprojects

Kukura Mune Zvemari

- Kukura mune zvemari
- Misikaisina vanoipa zvinhu
- Huwandu hwe maprojects akafanana neemurikuita
- Makwikwi aripo

Zvine Chekuita Nekupedza Hurombo

- Zvichapinda mari yakawanda here
- Ichamutsa mabasa here
- Inemukana wekuzowana rubatsiro here kubva ku hurumende
- Madzimai vachapinda muproject wo here

Sarudzo Ye Project

- a. Nharaunda yedu haikanganiswi here
- b. Mamiriro ekunze (Climate change)
- c. Koku zviwanikwa (organic practices are environmentally friendly)

Weighting and Rating (chart)

Sarudzo ye project

- a. Sarudzai muchi rovanisa nezvinotevera
Ichakurumidza kukura here

- a. Ichamutsa basa here munharaunda
- b. Ichatu buritsira goho rakadii.

Tsvagurudzo panezve misika inobatsira pakusarudza project

a. Iriko here misikayacho?

Yaka kurasei misika yacho, kunodiwa chii. nguvai, zviine unaku hwakadii uye mitengo yakamira sei

b. Ndivanaani vatichakwikwidzana navo

Vakasimba sei, vakanetera pai.

c. Mapindiro emumisika

- Maendeseroezvinhu, migwagwa, mota
- Hunaku hwembesa dzedu pane ma standards here

Kwatinowana Ruzivo Rwezve Misika

Mumabhuku, zvinyorwa

Nhaurirano nevanhu, Government officials.etc

Kugadzirira Hochekeche

Danho rekutanga (1) – Kubatsirana kutsvaga kune misika (Participatory Market Mapping)

Kutsvaga ruzivo rekunowanikwa vanhu vangada zvinhu zvedu, uye kuzvishambadza kuti tizivikane.

Danho repiri (2): Kuvaka ukama nevatengi vatawana uye nektora mikana yatawana

Kuita ma workshops ano buritsa matambudziko atinga wana pane zvinotevera:

zvatichaita munezvemusika
Nharaunda yaticha shandira

- Vatambi vatichange tiinawo

Danho retatu (3): Zvatichaita (Actions and Interventions)

Kushanda pamwe kwe vanhu vari mune zvemusika vachi buritsa zvinodiwa kushandisa nematambudziko angasanganikwa nawo.

Danho rechina (4) kuumba ukama

Kupota pachirongwa ma workshops ekuti vanhu va onane vakurukurirane nekugadzirisa mune zvinozogona kukanganisa mashandiro akanaka munyaya dzemusika.

Danho rechishanu (5) Kushandira pamwe

Kutsvaga mikana mitsva panmwe nekuti zvatinenge taumba kana kuwana zvirege kupunzikira pasi.

Kuzivisawo vasinga zivi zvatinoita uye zvaatiinazvo pamusika

Kusimudzira Project Yatirikuita

1. Kubatanidzwa kwe bhizimusi ratiri nemamwe (Business linkages)

- Kubatanidzwa kwe bhizimusi ratiri kuita nemamwe kwaka kosha pakutiproject yedu itipe zvibereko.
- Kubatanidzwa uku kunogona kuti bhizimusi redu rikure richikwira kumusoro kana kupararira.
- Kupararira kwe bhizimusikunoitika chete kana tichiita bhizimusi rimwe chete iroro pasina rimwe ratiri kuita.
- Kana tichishanda se boka panodiwa hunyanzvipakutungamirira boka irinekutimapoka mazhinjiakawira pasi nekuda kwe hutungamiriri.
- Kutu bhizimusi ratiri rinyatso buda zvakanaka tikakwanisa kupinda muma contracts zvino tiitira zvakanaka.

Matambudziko Atinowana Muma Contracts

Aya ndiwo ma mwe ematambudziko atinosangana nawo kana tapinda muma contracts:

- Kushaika kwechivimbo pakati pemutengi nemutengesi, bhizimisi rinenge richiitwa asi paine kufungirana.
- Kusa isa mitengokwevatengi panotarisirwa nemutengesi.
- Kuva nemimwe misika inobhadhara zvirinane kwe varimi vachisiya misika yavaka pinda mairi.
- Nokudarovaviriava vanoda kupota vachionana vachitaurirana kuti basa rifambe.

Kunatsa Goho Kuburikidza Nezvitevedzwa (standards)

- Varimi vadikivakawanda vanokundikana kupinda mumisika inobhadhara zvirinane nekuda kwekushaiwa goho rakanaka.
- Varimi vazhinji vano funga kutivakatenga mbeu dzakanaka nhamo yose yatopera, gohorino buda rakanaka asi hazvi daro.
- Zvinotiitiranyore kupinda mumisika kana tiine gohokanakuti mbesa dzakasiyana nevamwe. Sekurima kwatinoita tichishandisa zvakatikomberedza.
- Kuti tikwanise kubata misika mihombe tinofanirakuve takatariswa ne vanoongorora zvema standads. Topiwa chitupa chinoratidza kuti tabudirira kuteedza mastandards.

Kuwandudza Mitemo Yezve Kutengeserana

1. Kukosha kwe mune zvekutengeserana

- Mune zvekutengeserana ndimo matinoona mikana iripo uye kuumba hukama hwakasimba, tinoonawo huwandu hwe vanokwikwidzana nesu
- Kana tave kukwidziridza project yatiri kuita, ngationei kuti hapana mitemo here iri kudzvanyirira project iyoyo.
- Uku kuitira kuti tisapedza samba redu pasina chinobuda kubva pabasa ratiri kuita.
- Kana tave varimi vagara nebasa, tinenge tave kuona pane mikana inoenderana ne bhizimusi redu.
- Tikabatana varikuita maprojects akada kufanana tinoumba samba rakakura rekuti mitengo iite zvirinane.

Matinowana Kurudziro Neruzivo

Zvinyorwa zvema ripoti ezvirikuitika mubhizimusi

- Kana tikatereraku mawairesi, kurava mapepa nhau nemamwe mamagazini tinowana ruzivo kuti zve misika zvirikufamba sei
- Asingatizivei kuti maripoti aya anobuda aripakasiyana siyana, mamwe anopa zvirikuitika munyika mamwe mu southern Africa mamwe nyika yose

Ongoro Ye Hochekoche

1. kuongororwa kwe project

Ongororo dzinofanira kupota dzichiitwa nguva nenguva kuitirakuti tione kuti basa ratirikuita pa project ririkufamba sekuronga kwedu here kana kuti kwete.

1. Hukama

Hochekoche pachezvayo inobatsira kuumbiridza hukama hwe avo varimubhizimusi. Kusangana kwavanoita muma wokishopu vachikurukurirana kunopa kutivanyatso zivana.

3 . Zviratidzo zvekufamba kwebasa

Shanduko dzabuda nekuvapo kwe project dzinofanira kunyorwa pasi kuitira kuti tione kana irikuunza zvuuviri.

Kupeta

Vose vanechekuita nemusika vanofanira kupota vachiuya pamwe kuti vabatsirane kugadzirisa nezvemusika. Vakaita mazvake mazvake, vamwe vanowina vamwe vachingo shandira vamwe. Ndipo paunonzwa varimi vachiti kurima hakubhadhari zvachose. Inyaya yekuti hochekoche inenge isipo.

**Ndimma Yechisere:
Kuvaka Maferro Cement Tanks**

Zvinangwa

- ü Kuziva mavakirwo ema ferro cement tanks
- ü Kuziva zvinodiwa pakuvaka
- ü Kuziva mariinodiwakana wafunga kuvaka
- ü Kuziva kana richivakwa nevakaridzidzira chete

Nhangaruvanze

Mazana nemazana evanhu, munyika yose Havana mukana wekuwana mvura yakachena yekunwa kana kugeza zvako. Munyika dzakawanda mvura inenge ichitobva kwainobva ne mapaipi, izvi zvopa mvura yacho kuti idhure kune vanoda kuishandisa. Izvi zvinogona kuderedzwa kana varimitikakohwamvura inonayakubva kudenga. Mvura iyi tinogona kuishandisa basa rose repamba. Mvura inogona kukohweya ichiiswa pakasiyanasiyana kuti izoshandiswa mamwe mabasa. Mvura yekunaya inogona kushandiswa kudiridzisa mapindu edu. Mvura inogona kubatwa kubva pamusoro pemba kana padombo, chakakosha ndechekuti mvura ibatwe.

Zvikonzero Zvekukohwa Mvura

Ruzhinji kunyanya runogara mumataundi runowana mvura ichidhura,nekudaro kana mvura ikakohwewa inoderedza mari inoedza kunobhadhara mvura. Uye painengeisingawanikwi mvura, murimi anovhura mutangi make obva atoshandisa. Ukuwo mvura yekunaya yave kupota ichidzikira. Izvi zvakonzera kuti nzizi zhinji dziome zvosiya murimi asisina mvura yekudidzisa nekushandisa pamba.

Pokuchengetera Mvura

Mvura yatinokohwa tinoichengetera pakawandawanda asi varimi vazhinji varikushandisa matangi kuchengetera mvura yavakohwa. Tangi hachisi chinhu chingada kuramba chichi vakwa, nekudaro kana murimi afunga zvekuvaka matangi anofanira kuve nechokwadi chokuti awunganidza tunodiwa pabasa iri. Asiwokana murimi afunga kuvaka tangi anofanira kufunga maererano nezvinotevera.

Nharaunda


Nzvimbo yauri inowana mvura yakadii pagore, izvi zvichabatsira kuti uwane kukurakungaita tangi rako rauchavaka. Somutemo kana nzvimbo yauri ichiwana mvura iripasi pe 250mm yemvurapagore kubva kuvaka tangi kunogona kusa batsira. Tingade kuziva wo kuti pane here pachasvikira mvura iyi kuti tikwanise kuikohwa. Matenga emba emarata kana maasbetors kana matayera anogona kunyatso tishandira. Ivo vanovaka vacho varipo here kana kuti kwete.

Marudzi Ematangi

Tinogona kuvaka matangi emapasi muvhu kana kuvaka aripamusoro pevhu. Muchaona kuti mhando imwe neimwe ine zvayakanakira nezvayakaipira. Uye kuti tinemari yakawanda sei. Matangi anogona kukura zvekuchengeta mvura inosvika pa100m³. Matangi akatenderera akapinda kusimba pane anemakona. Matangi atinovaka anofanira kupota achi gezwa mukati kuitira kubvisa tsvina.

Kuvakwa Kwe Maferro Cement Tanks

Maferro cement tanks matangi anovakwa pasina zvidhina, muvaki anogoshandisa waya, cement jecha nezvimwewo zvatichataura nezvazvo. Matangi aya haadi hunyanzvi hwakanyanya nkuti kana gogo vanogona kurivakawo. Kana tave kuda kuvaka tangi redu ngatirivakire panzvimbo ine ivhu rakasimba, pakakwirira uye paine panozobva mvura yatiri kuda kukohwa.



Mifananidzo Yemavakirwe E Ferro Cement Tank

Zvinodiwa Kuvaka Tank Iri

- a) Jecha remurwizi
- b) Jecha remugomba
- c) Matombo mahombe
- d) Matomba madiki ekongiriti
- e) Cement
- f) Impermo (inovhara kuti risaduza)
- g) BRC mesh
- h) Chick mesh
- i) Waya yokusungisa
- j) Masaga asina chinhu
- k) Tambo yokusunga masaga
- l) Pipe ne Tap

Maturuzi Anodiwa


- 1. Sando
- 2. Pinjisi
- 3. Trawera

1. Iron float
2. Woodern float
3. Brush

Mavakiro Etangi



Danho rekutanga

Kumaka kana kuti kutara patinoda kuisatangi. Mutaro wedu unoenderana nekukura kwatinoda kuti tangiredu rite. Tapedza kumaka tobva tacheru zvichienderana nekusimba kwevhu repatiri kuda kuvakira tangi racho. Pamwe tinodzika 10 - 60cm. Tapedza tinorongera matombo mugomba rataita kuti pasimbe.




Danho repiri

Danho repiri nderekuisa congiriti pamusoro pematombo kugadzira yatingati slab pachirungu. Pa layer yekutanga tinenge tisati taisa BRC mesh. Tinozoiisa tave kuisa second layer ye congiriti sezviri pamufananidzo.




Danho rechitatu

Apa ndipo patinomisa framu ye tangi redu yakagadzirwa ne BRC mesh zvichienderana ne kukura kwe tangi redu. waya dzatasiya pasidzakatarisa mudenga dzinosunganidzwa nedzinomisa tangi kuti zvisimbe.




Danho rechina

Tapedza kumisa tangi redu ne BRC tinozoisa chick mesh kuti maburi aite madiki uye kutirinyatso samba. Tapedza kuisa chick mesh ndopatino zo sungira masaga kuitira kuti kana tave kuplasita zvisa netse.




Danho rechishanu

Tisati tatanga kuisa plasita tinofanira kuisa mapaipei anoita kuti tizokwanisa kurigeza, pano iswa tap, e overflow paipi ne panozopinda napo magata achaisa mvura mutangi.




Danho rechitanhatu

Apatinenge tave ku plasita tinosungirwa kuplasta kana, kaviri mukati nekunze asi mudhuri wedu haufanirwi kukora kupfuura 5cm. Pasi tinoisa zvakare floor. Masaga tinoaisira kuti plasita yekutanga ibate tombosiya zuva rinotevera tinobisa masaga.






Kana tapedza kuplasita rinofanira kubuda raitasezviri pamufananidzo izvi



Kana tapedza kurivaka tinombo rimirira kuti risimbe tochizoisa denga pamusoro. Apo neapo tinofanira kupota tichidira mvura kuitira kuti tangi redu riome riine unyoro.

Danhorechinomwe

Tangiredu tinofanira kuriisa denga kuitira kuti tsvina nemarara zvisapinda pamadiro, nekutimvura iyi kana ichizonwiwa inofanira kuve yakachena. Matenga anemamisiro akasiyanasiyana zvichienderana nekukukura kwetangi. Asikana irimvura yekudiridza chetetinogona zvedu kusaisa denga. Aya ari pasi mamisiro atinogona kuita matengaedu.



Roof shapes - sectional view



Denga retangi redu rinogona kuitirw pamusoro petangi kana kuitira pasi tozorikwidza pamusoro raoma.

Kupeta

Maferro cement tank inzira yakachipa yekuvaka matangi emvura uye anogara kwenguva yakareba asatiatipa dambudziko. Ruzivo urwu rwekuvaka maferro cement tanks ranyorwa muchidimbu, vanoda ruzivo rwakazara kwekurawana munokuziva.

NDIMA YE PFUMBAMWE: RUDZIDZISO RWERU MUTSO (TRAINING FOR
TRANSPERMATION)

Zvinangwa

- ✓ Kuti varimi vakawanise kuona nekupedza matambudziko avo voga ✓ Kuti varimi vakwanise kunyatso teererana
- ✓ Kuziva hutungamiririhwakanaka
- ✓ Kuzivakuitanaurirano dzakanaka
- ✓ Kuti Varimi vaumbe mapoka akasimba asinga kurumidzi kupunzika
- ✓ Kuti vakwanise kudzidzisana voga
- ✓ Kuva nemuono mumwe

Nhangaruvanze

Vanhu vazhinji vane muono wokuti matambudziko avanosangana nawo munezvekurima ka zvimwewo zvine chekuita nebidiro zvinopedzwane vanhu vanobva kunze. Uyu muono wakarasika. Vanhu vanofanira kudzidziswa kuti vaone matambudziko avo vega, voedza kumagadzirisa voga. Vekunze vozouya vobatsira pane basa ratangwa kare navaridzi. Izvi zvinoitirwa kuti basa rinenge ratangwa rirege kuzo mira panzira kana vekunze vasisachakwanisi kuenderera mberi.

“Yeuka izvi”

Enda nevanhu

Gara nevanhu

Dzidza kubva mavari

Vade

Tanga nezvavanoziva

Vaka kubva pane zvavanoziva

Kuitirakuti kana basa razopera, vanhu vanozoti taita basa redu

Lao Tsu, China 700 BC

Chii Chinonzi Rudzidziso Rweru Mutso

Ichombo chino shandiswa padunhu kuti kuti vagari vepadunhu ipapo vakwanise kongorora zvinhu zvingadiwa kuti ugarohwavo huve hwakanaka. Kana muongororo yavo mabuda zvinhu zvinofanira kugadziriswa, ivo varidzi vanofanira kutora chinhano chokutanga basa racho kuti rifambe. Dzidziso iyi inobatsira vagary venharaunda kuti vaone matambudziko avo, nezvingada kuitwakuitira kuti matambudziko iwayo apere. Dzidziso iyi inoedza kupedza tsika dzevanhu dzokunyarara kana paine dambudziko kuburikidza nekuvapa chivindichokutaura zvinhu sezvazviri. Dzidzisoiyiino tiita kutitibatane toita muono mumwe nekufambira mweri semhurikutimuonowedu ubudirire. Vanoti ivo “usikuhungarebe zvavo asi chivimbochekutikucha chena chiripo”

Chidzidzo Ichi Chinotibatsirei

a) Kana tichiita basa mumatunhu akasiyana siyana tinosangana nematambudziko chaiwo arikubata vanhu, kwete zviye zvekufungidzira. Matambudziko aya anogona kuve ari:

- Mvura isina kuchena yekunwa
- Chikafu chishoma
- Kushaikwa kwe dzodzo

- a) Nekuti hurombo nehudzvinyiriri hwakabata nekudzika midzi muvanhu vanoshaiwa. Nekudaro ndivo vanhu vanofanirwa kutanga kuwana rudzidziso rwekuti vabude mu huranda I hwohwo.
- b) Tonoda kubisa pfungwa dzokushandisavanhu pasina mubhadharo, kuburikidza nekudzvinyirira vana navana amai munyaya dzekusimudzira nharaunda.
- c) Kunyange tichiziva kuti hurumende irikugadzirisa nyaya dzekugara zvakanaka kwevanhu, tinofanira kufano batsiridza nekuita zvatinga gonawo sevanhu vari munharaunda.

Tinoda kuti tiisepasi zvatinoda kuita, tokurukurirana, tichi teererana pamwe nekuonesana kuti tishande pamwe zvisinei nerudzi rwo munhu.

Zvitevedzwa Zwe Dzidziso Yemotso

1. Dziidzo

- Chinangwa chedzidzo ndechekuti tichinjinure hupenyu hwedu huve hwakanaka, nharaunda yedu ive ine budiriro, zviwanikwa zvakatikomberedza zvisa kanganiswa.
- Dzidzo ngaive inetarisiro kuti zvakanaka zvinoda zvinogona kuitika.
- Dziidzo hazvirevi kuve nemapepa akawanda kwete asi kuzivana zvinoda pamwe nekuremekedzana kuti tikwanise kuwana zvatinoshuvira senharaunda muupenyu.

2. Kuvamugwara, kusimudzira

- Munhu wese anogona kufunga kuti dzidzo yaari kupa ndiyo inodikanwa, vasingazvibvunze kuti ndiani avaudza kuti dzidzo iyoyo inoita kunharaunda iyoyo.
- Dziidzo zhinji haina kumbo bvira yada kupa mukana zvinonzwa kuda munhu kana kuti zvinofunga munhu. Yajaira kugadzirisa zvisinei netarisiro dzevanhu. Munharaunda matigere mune kutya kurimo, kugununa, mafaro, nekusurukirwa. Budiriro inofanira kuburitsa nyayaidzi pachena ndiko kuti budiriro izonyatsoita kana yave kudzidziswa.

3) Nhaurirano

- Nhaurirano yakakosha zvachose, shanduko haingavipo kana pasina nhaurirano. Takakura tichi udzwa kuti dzidziso ndeyekudzidzisa munhu asina chaanoziva asi pfungwa idzi hadzina zvadzakwanisa kuchinjinura.
- Nhaurirano inotodavanhu vane unhu, vasingamhanyi mhanyi, vakasununguka kutaura zviru mumoyo dzavo, vanhu vanoda kudzidza, uye vanetarisiro yekuti zvinhuzvinogona kuchinja zvikanaka.

4)Tarisiso yematambudziko nekuwana mhinduro

- Panodiwakuti vanhu vawane mukana wekupa pfungwa dzavo, shuviro dzavo uye kugadzira mukana wekuti munhu wogawoga abatsiridze kuti zvawiriranwa zvibudirire.
- Panogona kushandiswa mibvunzo yakaita sei: chii chamurikuda, nemhaka yei, riini, ndiani achatibatsiridza pachedu
- Vanhu vosevakakwanisa kupinda mukuda kuti zvinhu zvavo zvifambe kubva basa rinofamba nyore.

Budiriro Ne Zvido Zvevanhu Vemunharaunda

Budiriro

- Budiriro kukwanisa kwevanhu varipachinharaunda kuwana zvavanoda nenguva kuti upenyu hwavo hufambe zvakanaka.
- Budiriro haingotasirani nechinhu chimwe chete, kwete, inotarisa zvinhu zvakawanda zvinoti: mari, hugaro hwavanhu, zvevatongerwo enyika, zvekushandisa nezvimwewo zvakadaro. Kazhinji inotarisa kubiswa kwenhamo panzvimbo.

MATARISIRO ATINGAITA ZVINODIWA NEVANHU

Zvinodiwa nevanhu

Hatinga kwanisi kupatsanura budiriro nezvinodiwa nevanhu mukurarama.

Zvinodiwa nevanhu izvi zvinosanganisira:

- Mvura yakachena
- Pekugara pakanaka
- Rudo
- Chokudya
- Kuchengetedzeka
- Kunzwisana
- Kubatira pamwe

Budiriro

- Budiriro kukwanisa kwevanhu varipachinharaunda kuwana zvavanoda nenguva kuti upenyu hwavo hufambe zvakanaka. Budiriro inechekuita nemagariro evanhu kwete zvinhu zvavo.
- Zvinokwanisika kubatanidza vanhu kuti vatange kuteererana nekubatsirana, kuti vatange kutsvaga zvinovatadzisa kubudirira nekutsvaga nzira dzokuzvipedza. Kutanga kupanana zvokuita kuti zvinhu zvitange kufamba.

Kuti Basa Rifambe Munharaunda

- a) Shanda nevarombo uye vakadzvinyirirwa, usavashandira. Vabatsire kutivanzvisise, vatsvagiredze, varonge, pamwe nekuita basa asi usavaitire basa ravo.
- b) Vanemvumo yokuramba pfungwa dzako kana vasingadzide. Budiriro inobva muvanhu kwete kuuya nevanhu. Nekudaro vanhu ngava sarudze zvavanoda.
- c) Budiriro imutso yekuti vanhu vanomuka voga voona kuti pane chiri kusarira patiri kuti tiite zvatinoshuwira. Kana vanhu vasati vamuka ivo pachavo muuyi anogona kutadza kumutsa vanhu. Vanhu vanenjere uye hunyanzi, zvinongoda kubatanidzwa chete kuti basa rifambe.
- d) Ita kuti vanhu vakure, vakwanise kuzvimirira nekuzvisarudzira zvavanoda kwete zvaunoda iwe muuyi. Tikangodaro chete basa rinofamba
- e) Sunungura vanhu, vanhu vakangonzwa sevakambunyikidzwa chete basa harifambi kusvika vanhu vasununguka. Vanhu vanoshandira pamwe kana vachinzvisisana pane zvavari kuda kuita.
- f) Vanhu ngavashande vari mumapoka izvi zvinobatsira paizwi ravo kuti riende kure uye kuti samba ravo risvike kure. Vanoti yambukai rwizi rinemakarwe makawanda ukayambuka woga unorumwa.

Kuteerera (listening)

Chimwe chechinhu chakakosha pamunhu kuterera, pamwe nekutererwa zvaunotaura. Hatingakwanisi kubatsirana kana kusimudzirana kana pasina kutererana.

Kuti tizive kuti chii chiri kunetsa ndokunge takwaisa kutererana. Kuti tinzwe zviri kutaura mumwewedu tinofanira kutanga nekuva nechido nezviri kutaura munhu. Kana pasina chido nerudo kana zvaunotaura hatikwanisi kuzvinzwa.

Matanho Mana Ekuteerera

'Musoro'

- Ndewekuterera zvinhu zvinemusoro zvirikutaurwa (facts)

'Moyo'

- Unoteerera zvinza munhu (feelings) muenzaniso shungu, kutya, kutsamwa nekuramwa Tikazvitora sezvisina basa zvinokanganisa kufamba kwebasa.

'Dumbu'

- Rinoterera zvingadiwa nemunhu kuti ararme (basic human needs) Tarisisa kuti zvii zviri kuita kuti dambudziko rivepo.

'Makumbo'

- Ano teerera kurikuenda vanhu kuti vakananga kupi

Makabatanwa Namapedzerwo Awo

Tingaone sei kuti vanhu vatiri kushanda navo vane matambudziko

- Kutongochinja maitiro atajaira emunhu
- Kusavepanzimbo iwe uripo
- Kukurumidza kugumbuka
- Kuwanda kwe tsaona
- Kurovha rovha pabasa
- Kunwa doro zvapakfurikidza
- Kutaurisa

Izvi ndizvo zvezvimwe zvingatiratidza kuti mumwe wedu anematambudziko aainawo.

Mapedzero Atingaita Dambudziko

- Tsvagai dambudziko
- Mozotsvaga honzeri yedambudziko
- Tsvagai mapedzero amungariita
- Edzai mazano amabudanawo
- Chiitai nguva yekutarisa kuti zvamaedza kuita zvirikushanda here

Zvombo Zvinoshandiswa Kutsvagisisa Nekupedza Dambudziko

Muti Wedambudziko (problem Tree)

1. Mashizha ndidzo mviromviro (Symptoms)
2. Hunde ndiro zimai redambudziko (major problem)
3. Midzi ndidzo honzeri dzedambudziko

Nemhaka Yei (the Why Method)

Muenzaniso:

- Mwana achekwa pagumbo
- Nemhaka yei
- Nekuti haana shangu
- Nemhaka yei
- Nekuti baba vake havashandi
- Nemhaka yei
- Nekuti chidhakwa

Kutora Sarudzo

Kana paita kupokana tino sungira kutora sarudzo nekeurimidza kuitira kugadzirisa zvinhu nekuti tikanonoka zvinoita kuti boka ratinoshanda naro ripedzisire risisina chivimbo ne komiti inenge ichitungamirira

Sarudzo

Kutora sarudzo kunoitwakana komiti yatarisazvinhu zvakawanda zvakakomberedza nyaya yakaitika kwakuchizatora sarudzo kana kuti kupa mutongo.

Mutongowatinopa munhu webokahaufanirikukanganisa muono wedu, shuviro dzedu, kana zvatinokoshesa seboka.

Marudzi Maviri Esarudzo

Ipapo ipapo

Iyi isarudzo yemutongo inoitwa ipapo ipapo kuburikidza nekunge takambo sangana ne nyaya dzakadaro.

Mutongo unoitwa kwatarisiswa zvakawanda

Iyi isarudzo yemutongo inoitwa tata risa zvinhu zvinyorwa zvatakaisa pasi kuti kana munhu atadza tino muita sei.

- a. Tsvagai dambudziko
- b. Mozotsvaga honzeri yedambudziko
- c. Tsvagai mapedzero amungariita
- d. Edzai mazano amabudanawo
- e. Chiitai nguva yekutarisa kuti zvamaedza kuita zvirikushanda here

Kuvaka Humwe Kana Kuti Chikwata (team Building)

Chikwata vanhu varikushandira pamwe kuti vakwanise kubata chinobatika chavakawirirana.

Chikwata Chakasimba Chinoonekwa Nezvinotevera

- a. Zvinangwa zvakasimba
- b. Mumwe nemumwe anoziva basa rake
- c. Kuwirirana neku nzwisana
- d. Kuita basa sechikwata kwete undini
- e. Munhu kuzvipira kuti zvinhu zvake zvishandiswe neboka
- f. Nhaurirano yakanaka

Tinoubirei Zvikwata

- Basa rifambe
- Kuti tiburitse goho rakakura
- Kuti tikurumidze kutara mitongo
- Tino buritsa goho repamusoro
- Kuti tiongororane kuti hatisi kubiridzira here

Kusimbisa Zvikwata

- a. Ngatishandisei mitemo yakatarwa kana kuti yatakawirirana
- b. Hukama hukama hwoitawo hushoma
- c. Kutererana nekusa dhererana
- d. Munhu mumwe nemumwe pabasa pake
- e. Ngapave nehutungamiriri
- f. Huori kwete

Nhaurirano (Communication)

Nhaurirano kufambiswa kwemashoko kubva pane ari kutumira achienda pane arikutumirwa achizodzora shoko rekuti azvinzwa. Kutaudzana kana kudzidzisana pachishandiswa nzira dzawanda dzakasiyanasiyana. Panogona kunyorwa, kutaura, kana kuridzwakwengoma kana kuimba.

Zvatinoitira Nhaurirano

- Kuti titungamirire chikwata, kukurudzira, uyekuisa mweya wekuti vanhuvade kushanda.
- Kuti tinyore hurongwapasi
- Kuti tione kuti hurongwa huri kuteedzwa here
- Kuronga basa nezvishandiswa
- Kuti tinzwisisane

Mafambisiro Enhaurirano

- Mutumiri weshoko
- Mugamuchiri weshoko. Kunoenda mashoko.
- Zviri kutaurwa nezvazvo.
- Shoko rinobva kune aendeserwa kuti azvinzwa.

Mataurire Kana Kutimafambiro Eshoko

- Kunyorerana
- Kutaudzana

Marudzi enhaurirano

- Kunyorerana, maripoti, mamagazini.
- Kuita zvekuona, kungonzwa.

Zvinokonzeresa Kuti Nhaurirano Isa Famba Zvakanaka

- Kusaziva mutauro
- Kusaronga basa
- Kufinyamisa kumeso kuratidza kusafara
- Zvimwewo zvinodya pfungwa
- Mapfekero
- Kusarudza wokuterera

Hutungamiriri

Hutungamiriri zvinoreva basa rose rinoitwa nevatungamiriri kuti basa rakarongwa ribudirire. Hutungamiriri hahu fosedzi vateri kuti vashande vakamanikidzika asi kuti vano shanda nemoyo unoda.

Mutungamiriri

Uyumu akasarudzwa nevanhu kuti atungamirire bokakuti rikwanise kubudirira pane zvavakaronga. Mutungamiriri anoshandisa zvakatenderwana neboka, zvinokosheswa neboka uye vanhu neruzivo ruri muboka.

Vanhu vanotungamirirwa havana kufanana, mumwe nomumwe ane maitiro ake, mafungiro ake. Nekudaro mutungamiriri anofanira kushandisa hunyanzvi hwake kuti akwanise kugara boka rake richifambira pamwe.

Zvakakoshera Utungamiriri

- Kuti nhengo dzione kuri kuenda project
- Kubatanidza nhengo
- Matambudziko enhengo anotariswa pakasiyana

Hutungamiriri

Vatungamiriri vanosiyanasiyana vamwevanogadzirwa vamwe vanozvarwa asi chinodiwa chido chokuva mutungamiriri. Vatungamiriri vakanaka vanoramba vachiwedzera kudzidza, kudzidziswa, kubvunza mazano, havafaniri kuzorora pakutsvaga kwavo

Kunobva Hutungamiriri

a) Vano zvarwa vari vatungamiriri

Vamwe vanhu vanozvarwa variva tungamiriri nechekare, kubvira paudiki hwavo vanenge vachitoratidza hutungamiriri.

b) vanoumbiridzwa kuti vave vatungamiriri

Ichi chikwata ndeche vatungamiriri vanogadzwa nevanhu mushuremokuona kutimunhu uyu anokwanisa kusimudzirika kuvemutungamiriri akanaka.

c) Vatungamiriri vehumambo

Ichi chikwata hachinei kuti zvirimo kana kuti hazvimo kana chidanho chako chasvika unotopiwa hushekanahusa bhuku.

Matongerero

a) Ndini ini hakuna mumwe (autocratic)

Ava vatungamiriri havanei nezvinotaura nhengo dzavo zvava taura ndizvozvo, unoda kana kuti haudi unotoita zvavataura. Vatungamiririava kazhinji vanoshandisa hukuru nepasinga ite.

b) Ndezvedutose (democratic)

Ava vatungamiriri Havana chindini, mitongo yavanopa inenge yatobva kuvanhu. Vanobvunza todii, tofamba sei ku vanhu vavo. Asiwo ngati zive kuti matongerero amwe nemamwe ane zvaakanakira nezvaakaipira.

c) Mazvakemazvake (laissez...faire)

Apa pfungwa iripo ndeye kuti munhu wose akura anoziva zvaanoda muupenyu, nekudaro hazvina basa kufudza munhu. Mazvake mazvake muchidimbu.

KUNOBVA SIMBARE HUTUNGAMIRIRI

a) Ruzivo

Vamwe vatungamiriri tinovaisa pachinzvimbo nekuti ane ruzivo rwokuita basa, kana kuti munhu anenge aine tunhu twake.

b) Hunhu

Hunhu hwemunhu humwe hunongo yemurika kuti ave mutungamiriri.

c) Shungu/ Hasha

Vamwe vatungamiriri vanoiswa pachigaro nekuda kwekuti vanokwnisa kuita kuti zvinhu zvifambe nekumbunyikidza kana kufoseredza nhengo.

d)Yebasa rako.

Nekuda kwechigaro chawatora pabasa unotenge wavemukuru, kana kuporomotewa

KUTUNGAMIRIRA KUNOREVA

- Kurakidza vanhu nzira kwete kuva dhonza
- Kuvemberi kwenguva kwete mumashure
- Kutanga kubata basakwete kutangirwa
- Kupa vanhu muono
- Kuita kuti vanhu vanzwe kuda kuitabasa kwete kuzvuzvurudza

- Kutungamirira hazvirevi mari, dzidzo, kana chinhanho munharaunda; zvinoreva:
 - Kunzwa kudakubatsira kuti zvifambe
 - Kusimudzira vanhu nenharaunda

Anonzi Mutungamiriri

- Anozvibata anehunhu
- Anotungamirira kwetekuzvuzvurudza
- Anooka nhengo sevanhu kwete mhuka
- Anotarisa matambudziko anevanhu.
- Kuvawo nechokwadikutipekushandira pakanaka
- Harisi kuruku
- Anotenda paitwa basa rakanaka
- Haaiti kuti vanhu vaitezvaasinga kwanisi iye
- Haatori chioko muhomwe
- Haatsigiri munhu ane mhosva kunyange iri hama yake
- Anobvuma paatadza

Mutungamiriri Akashata

- Haatendi paitwa basa
- Haana ruzivo
- Anotyityidzira
- Haadi kupikiswa
- Anoda kuti vanhengo vangoti hongu hakuna haiwa
- Akakoshesesa kunhengo dzake
- Anopopota

Kupeta

Ngativei vatungamiriri vakanakamumapoka medu kuitirakuti basa redu rifambe zvakanaka. Ngatizivei kuti takaiswa nevanhu patiri uye kuti tiri kutungamirira vanhu kwete munhuka. Ngativei nemuono wekwatiri kuda svika se boka to kurudzira vanhu vedu kuti tisvikeko.

**Ndimba Yegumi:
Kuronga Basa Mune Zvekurima (agri- Planner)**

Zvinangwa zvichidzidzo

- ✓ Kuziva zvicharimwa
- ✓ Kuziva kukurakwe nzvimbo yatinoshandisa
- ✓ Kuziva kubhajeta
- ✓ Kuziva kurongera tsaona mune zvekurima
- ✓ Kuziva kushambadza

Nhangaruvanze

Varimi vazhinji tino rima tichiita zveku bondera pasina kunyatso ronga kuti zvinhu zvedu tichazvifambisa sei. Kana aimbove marimiro ako iwayo kubva chidzidzo chino chichi kubatsira.

Agri planner chinombove chii

Agri- planner chidzidzo chinobatsira murimi kuti arimeaine pfungwa dzokuwana mari yakawanda kuburikidza nekugona kuronga basa rake.

Kuziva kukura kwe nzvimbo yauri kushanda

Murimi akarongeka anofanira kuziva kukura kwakaita munda wake waari kushanda. Izvi zvibatsira kuti azive goho rake kutirichange rakamira sei. Nekudaro murimi anosungirwa kuziva kukura kwemunda wake, anogona kushandisa tape measure kana foshoro kand chero chingamubatsira.

Kuziva mbesa dzamu chadyara

Zvakakoshesesa kutanga kuronga mbesa dzamurikuda kudyara, Onai kuti dzinokupai mari here, muneruzivo nadzo here? dziri kuwanikwa here, munendima yadzinokwana here. Ngatizivei kuti tiri kuronga kwe mwedzi mingani uye tine *sowing guide* here ino tiudza nguva inodyarwa mbesa nenguva yekukohwa pamwe chete ne nzvimbo.

Paku dyara mbesa

Patinodyara ngati rangarirei kuti kune dzinoda kudyara kwakawa, kune dzinoda kuri pakati nepakati, uye kune dzinoda kudyara kushomanana. Ngatizivei zvakare kuti mbesa dzine mhuri. Mhuri hadzifaniri kuteedzana pakudyara zvirwere zvinopararira uye kudyara kun opera muvhu.

Matambudziko atisina kutarisira anouya pakurima

Kunyange tikagara pasiichiriongamafambiro achaita basa redu, tinogona kusangana nematambudziko atanga tisina kana kumbotarisira. Tinofanira kuzogara zvakare pasi kutitione kuti zvataita dambudziko ratanga tisina kurongera zvarauya todii. Kana takadzidza zve kurima semhuri tiine pfungwa dze bhizimusi ndipo patinoita yatingati *partial budget*.

Kuno gona kuuya mafashamo, kana kudyirwa munda wose usiku nemombe kana kutsva kwemunda nemoto. Kana zvararo tinofanira kugara toronga zvatingaita. Muchaona kuti pamwe patakange takati ticha bhadhara chikwerete tinogona kukundikana tochisundidzira mberi.

Kushambadza mbesa dzedu

Vazhinji kana tiri mubhizimusi rekurima tinomirira kuti mutengi auye azotenga kubva kwatiri isu tisina kana kumbo shambadzawo mbesa dzedu. Kana tave kurima sebhizimusi uye sevanhuvakarongeka hatishandi tichdaro.

Zvatingaita kuti titange kuva nevatengi

- a. Musavamirira kuuya kwavo
- b. Shanyirai vamuno funga kuti vanga kutengerai
- c. Tsanangudzai zvakanakira kuti vatenge kwamuri
- d. Kana vafarira zvamunorima itai musainirane kondorakiti
- e. Kana makawirirana kuvavigira mbesa itai sezva makawirirana

Kwatinga tengesera

- a. Munharaunda matigere
- b. Vemashop vakati komberedza nevekure
- c. Muzvipatara
- d. Muzvikoro

Kana waita mhanza ye kuwana kondorakiti (contract)

- a. Tanga nekushambadza zvishoma zvaunazvo, hazvibatsiri kurima zvinhu zvizhinji zvisina musika
- b. Kana wawana anoda kukupa contract, nyatso zvinzvera usati waenda
- c. Nyatso ziva hunaku hwembesa dzako, uye zvadzakanakirapane dzimwe
- d. Pindura wakadzikama mibvunzo icha bvunzwa nemutengi
- e. Nyora pasi kana paine zvimwe zvaanoda zvausina
- f. Kana wabudirira usamurasa

Kupeta

Pose patinoita bhizimusi tinenge takatarisira chouviri. Hazvinakidzi kuti mbesa dzatakarima dziperere mumunda kana kuti tippedze isu kudy zvimwe tichirasa. Murimi akangwara anotsvaga musika asati atanga kurima. Uye haaneti kutsvaga tsvaga misika inobhadhara zvirinane.

NDIMA YEGUMI NAIMWE
KUFUYA NYUCHI

Zvinangwa zvichidzidzo

- ü Kuziva mhuri yenyuchi
- ü Kuziva marudzi enyuchi
- ü Kuziva kugadzira mikoko yakasiyanasiyana
- ü Kuziva kumora nyuchi
- ü Kuziva udyi hwe nyuchi
- ü Kuziva kugadzirisa uchi
- ü Kuziva pekuisa mikoko

Nhangaruvanze

Kurima nyuchi ibasa rinogona kupa murimi mari agere zvake nekuti harina basa nekuti murimi agare aripo. Huchihwakasiyana nemabasamazhinji ezvekurima, murimi anoitirwa basa agree uye huchi haufi hwakashaya kweku tengesera. Basa ringa ngovepo pakugadzira nekuturika mikoko, zvapera izvi kunenge kwasarakuongorora pamwe nekutapa uchi.



Mhuri yenyuchi

Zvakakoshera kuchengeta nyuchi

- Tinowana chikafu
- Tinowana mari
- Tinowana mushonga
- Tinowana namo uye mhura
- Tinowana wakisi

Marudzi enyuchi

Kune marudzi akawanda enyuchi, dzimwe dzacho dzine hukasha hwekuto tadzika kubura. Dzimwe dzenyuchi dzinogara mumuti dzimwe pasi zvichingosiyana nerudzi.

Marudzi emikoko

Tine marudzi akawandisa emikoko yatingakwanisa kugadzira kuti nyuchi dzedu dzigare. Mukoko umwe naumwe unga gadzirwa nemufuyi une zvawakanakira nezvawakaipira.

Mhando dzemikoko


Mikoko yenyu nyuchi ino inouya iripaviri, pane mikoko yechivanhu inogadzirwa pachishandiswa zvinhu zvinowanikwa munharaunda medu. Mikoko iyi haichakurudzirwi nekuda kwezvikonzero zvinotevera:

- Kupiswa kwesora
- Kutapa nyuchi kuno netsa uye nyuchi dzakawanda dzinofa
- Huchi nevana zvinenge zvakasangana
- Madzimai nevana havakwanisi kusununguka kupind mukufuya nyuchi
- Mazinga ehuchi anenge akabatira kumadziro emikoko zvobva zvaita kuti kubura huchi kunetse.

Mimweyemikoko inowanikwa muchikwata chemikoko yechinyakare.

1. Wegwati

Kune miti yatinogona kusvuura tichigadzira imba yenyuchi. Nzira iyi inoshandisa miti yakaita se mupfuti, musasa neimwewo inobuda gwati. Miti iyi inofanira kuve yatikurei kuitira kuti itiburitsire gwati rakareba 1m uye 50cm kufara. Kuti mhupo isapinda vazhinji vanovhara neuswa vamwe vanovhara nemarata. Rudzi urwu rwemukoko rune zvawakanakira nezvawakaipirawo.






2. Mukoko wehari

Murimi anogona kuumba hari hombe dzekuchengetera nyuchi kana kushandisa hari dzaii bikirwa zvakasiyanasiyana. Kana hari idzi dzingori hombe chete dzinoita kuchengetera nyuchi. Hari dzine zvadzakanakira nezvadzakaipirawo kana dzikashandiswa semukoko.


3. Mukoko wedanda

Murimi anogona kutsvaga miti mihombe inogadzirika mukoko, mitiyi inokobhorwa mukati kugadzira mhango dzekuti nyuchi dzigare. Mukoko wemhango une zvawakanakira nezvawakaipirawo. Asi mukokomwe danda wakasimba kupfuura wegwati uye we hari.



Mikoko yechirungu

Kune mikoko yakatiwande inogona kugadzirwa yechirungu yekuchengetera nyuchi. Mikoko iyi yakanakira kuti kumora huchi kurinyore, uye kutarisa mabasa enyuchi kuri nyore



1. Mukoko we bhasikiti une tumapuranga pamusoro (Top Bars)

Mikoko yerudzi urwu inogadzirwa nemurara semagadzirire atinoita bhasikiti, asipa musoro panzoiswa tumapuranga. Kunze kwe bhasikiti irikuno dzurudzutwa nendove kuti risimbe. tumapuranga tunoiswa pamusorotunogona kusvika gumi netutatu.

Zvakanakira mukoko werudzi urwu

- Zvekushandisa zvinowanikwa munharaunda
- Mumukoko hamupise kanakutonhora zvekuuraya nyuchi
- Kumora huchi kuri nyore
- Huchi hausangani nemazana kana vana venyuchi


2. Kenya top bar hive

Sezita rawo, mukoko uyu wakapiwa zita reku Kenya nekuti ndikwo kwawakatangira kushandiswa. Mukoko uyu wakareba 1m wakafara 45cm pamusoro nechepasi wakafara 20cm. Varimi vazhinji venyuchi vanonyanyo farira kushandisa mhando yemukoko uyu nekuti une zvawakanakira zvakawanda pane mimwe yose.

Zviyero zvemukoko we Kenyan top bar


* Kureba	1 000mm
* Kufara pamusoro	400mm
* Kufara pasi	200mm
* Hurefu	240mm
* Tupuranga twe pamusoro	450 x 33 x 25mm
* Huwandu hwatwo	- /+30

Zvinobuda zvakana kana pamusoro pemukoko pakaiswa rata kuti musapinde mvura.



3. Mukoko we (Langstroth)

Mukoko uyu unoda murimi avene mari yake nekuti unodhura kugadzira kana kutenga. Varimivaye vavekufuya nyuchi zve bhizimisi vanoshandisa mhando iyi yemukoko. Ndiwo woga mmhando yemukoko unoita kuti vanavenyuchi varege kusangana ne huchi.



Mhuri yenyuchi

Munhu yenyuchi ine huwandu hunosvika 600 – 800 000. Asi vashandi venyuchi ndivo vanenge

Munhu yenyuchi ine huwandu hunosvika 600 – 800 000. Asi vashandi yenyuchi ndivo vanenge vakawanda. Mhuri iyi inogona kugara payawana panoita musango kana mumikoko yatinogadzira kana yakanaka kuti nyuchi dzigare. Nokudaro mhuri yenyuchi inenyuchi dzinotevera:

Mambokadzi

Avandivo mai vemhuri, ndivo vanokandira mazai pamwe nekuudza dzimwe nyuchi zvokuita. Ndiyo nyuchi inogara kwenguva yakati rebei isati yafa. Nyuchi iyi inemge iri imwe chetemumukoko, hadzikwanise kuita mbiri. Dzikaita mbiri dzinorovanakusvika imwe yafa kana kutama



Vanababa (Drones)

Avandivo vana baba vemhuri yenyuchi uyevanenge vakati wandei mumukoko. Basa ravo hombe ndereku nhumburisa mambokadzi. Baba vamwe chete ndivo vanokwanisa kunhumburisa uye mambokadzi anosanganwa naye kamwe paupenyu hwake. Vanababa ava havarumi uye havagoni kuno tsvaga chikafu. Vanoonekwa ne maziso n



Vashandi

Idzi ndidzo nyuchi dzakawanda mumhuri yoga yoga yenyuchi uye ndiyo nyuchi inekamuviri kadiki. Sekutaura kuri kuita zita racho, idzi ndidzo nyuchi dzinoita basa rose remumukoko. Basa iri rinosanganisa kutsvaira, kutsvaga chikafu, kurwisa nezvimwewo zvakasiyanasiyana.



Nhaurirano mumhuri yenyuchi

Kuti basa rose rifambe zvakanaka panotoda kuti taurirana nekunzvisisana. Nyuchi dzinotauriranawo kuitira kuti basa rifambe zvakanaka. Nhaurirano zhinji inobva kuna mambokadzi ichienda kuvashandi. Zvimwe zvinhu zavanotaurira vashandi kuti vaite zinosanganisira kunotsvaga chikafu, kunorwisa, kuudzana kuri kuwanikwa chikafu nezvimwewo.

Nyuchi dzinotaurirana kuburikidza nekutamba dzichi tenderera mudariro dzimwe dzakatarisa; kana kutambisa minhenga yadzo dzimwe dzichiona. Mambokadzi vanotaura nekuburitsa mweya unenge wave kutozivikanwa nevashandi kuti mweya yu unoreva zvakati kana kuti zvakati. Ndosaka mufuyi we nyuchi achizoshandisa hutsi pakutapa nyuchi kuitira kukanganisa nhaurirano iyoyi.

Kuberekana kwe nyuchi

Sekutaura kwatamboita kuti mumhuri yenyuchi muna mambokadzi anova amaiwe mhuri, amai ivava ndivo vanokandira mazai anozochechenywa kuita vashandi, vana baba kana mumwe mambokadzi. Mazai akakwana (fertile) anoburitsa vashandi, asina kukwana anoburitsa vanababa.

Mazuva anatora mazai asati achochonya

1. Mambokadzi - mazuva gumi nematanhatu
2. Baba - mazuva makumi maviri nemana
3. Vashandi - Mazuva makumi maviri nerimwe

Nyuchi dzose idzi dziri nhatu dzinobuda kubva pamatanho matatu anoti zai zana ne nyana. Matanho matatu aya anodeedza achinzi brood muchirungu.

Mazai

Mazai anokandirwa rimwe rimwe muchiimba chemuzinga namambokadzi. Kana takaritarisa zai racho rinenge rakaita se karice. Parino kandirwa zai rinenge rakamira asi parinoenda ravekunokura rinoenda richikotamira kusvika pabuda chizana.

Chizana

Chizana chine utano chinenge chiri chichena, kana chisiri chichena zvinoreva kuti panogona kuve paine chirwere. Kazhinji kacho mazana aya anogara akagonya semwedzi kana ari muchiimba chavo. Mazana aya anovharirwa kana kwapera mazuva matanhatu. Paanenge akavharirwa anenge achipiwa chokudya nevashandi.

Chinyana

Mukupindana kwemazuva chizana chiye chikura kuita chinyana chakada kutorera zvakaita nyuchi. Chinyana ichi chinofara kuve chiri chichena kuratidza kuti kuti chine utano. Asinekufamba kwenguva chinenge chave kuita ruvara rwe brown kutoredzera nyuchi. Kuzobuda yave nyuchi kunoenderana nemazuva ekuti ndimambokadzi here kana kuti baba kana kuti mushandi.



Kupota uchiongorora vana venyuchi (brood inspection)

Wana nguva inoita kaviri kana katatu kekutarisa vana venyuchi dzako mumikoko. Uku kuitira kuona kuti hamuna zvirwere here, mazai acho arimo here kana kuti hamuna. Hamuna here vanavakafa varipasi kana pama zinga acho. Kana wapedza dzorera sezvazvanga zviri.

Kusarudza nzvimbo yekuisa mikoko

Mikoko haingo iswi posepose nekuti nyuchi dzinengozi uye tinenge tichida kuti dziiswe panonyatso gadzirika huchi. Nekudaro nzvimbo yakanaka yekuisa mikoko inosanganisira dzinotevera:

- Panemasango akawanda anoitamaruva akanaka
- Painga sviki mhengo yakawanda
- Pasinga sviki mvura yekunaya kana inoyeredza
- Pasinga sviki mhengo yakawanda
- Pasinga sviki zvipfuyo
- Kure nemagirosa nemisha

Miti Inopa Maruva Akanaka Kunyuchi Dzedu

Migamu, Miorange, Maringazuva, Misasa, Mipfuti, Nyemba, mijacanda, Mitohwe, maruva nemimwewo yakasiyanasiyana.

Kugadzika Mikoko

- Mukoko ngauiswe panzvimbo paunosvikira wakamira pasi
- Buri rinopinda naronyuchi harifanirwi kutarisa kunobva mhopo.
- Mukoko ngauiswe pane mumvuri uye panemiti yakawanda
- Pamusoro pemukoko panofanira kuvharwa nechinhu chisingapinzi mvura
- Mikoko ngaichengetedzeke kubvakuzvitsere nezvi mwewo zvingango kanganisa nyuchi

Mbatya Ne Zvekushandisa Panyuchi

Nyuchidzinouraya nekudaro iva nechokwadi kuti wakazvidzivirirauye uri kushandisa midziyo inotarisirwa. Mumwe ye midziyo nezvipfeko zvatingada zvinosanganisira:

- Ngowani isingapinzi nyuchi yakaitase heremeti iine chi veil kumeso
- Jacket rine rekeni muhuro nemumaoko nemuchiuno
- Hovhorosi ine zipi nerekeni mumaoko nemutsoka
- Majombo mutsoka

Zvekushandisa

- Smoker (chinoburitsa utsi)
- Bee brushrebvisa nyuchi
- Hive tool chekuvhura mukoko.
- Bucket
- Banga
- Ndowekana kurikuti urikudakuburahuchi



Smoker
brush

hive opener

bee

Mhuri Yenyuchi Isina Kumira Zvakanaka

Kune zvinotarisirwa nezvisingatarisirwi pamhuri yenyuchi, mupfuyi we nyuchi akona mizvinotevera zvavepo anofanira kuona kuti agadzirisa nenguva.

- Kushaika kwa mambokadzi mumhuri, inopedzisira yaparara
- Kuchembera kwamambokadzi
- Kuperu kwemaruva nemukume
- Kukurisa kwemhurienyuchi
- Kushomeka kwe huchi

Kutiza Kwenyuchi

Mhuri yenyuchi ikarega kubatwa zvakanaka nyuchi dzinotiza. Pane zvikonzero zvakatiwandei zvinopa kuti nyuchi dzitize. Zvimwe zvikonzero zvacha ndezvinotevera:

- Kushaikwa kwechikafu
- Udyi hukawandisa
- Mhepo nemvura zvikapind mumukoko
- Kubura huchi uchipedza hwose
- Kungochinjawo imba yekugara

Kuburwa Kunoitwa Nyuchi

Pose pano burwa nyuchi, mufuyi we nyuchi anofanira kuve akagadzirira uye aine zvakanakwana nekuti nyuchidzinouraya kana dzikasa batwa nemazvo. Zvinotevera izvi zvinofanira kuitwa munhu asati atanga kutapa nyuchi:

- Kupfeka mbatya dzekuzvidzivirira
- Kuva nechokwadi chekuti smoker iripo uye yabatidzwa
- Kuva nechokwadi kuti midziyo yose inodikanwa iripo
- Iva nechokwadi kuti wabura nyuchi manherukana makuseni.
- Burai huchi waibva
- Musabura muchipedza hwise
- Shandisai smoker apo neapo kuti dzisanyanyo ita ukasha.
- Musauraya mambokadzi
- Chekai huchi muchiisa muchidziyo chine muvharo kuti dzirege kuhudya
- Dzoreredzerazvazvaiva zvakaite kana wapedza kumora.

Uturu Hwenyuchi

Uturu hwe nyuchi hunogadziriswa mushonga unorapa zvirwere zvinotevera:

- Kuzarirwa
- Asthma.
- Kupedza mavanga
- Zvirwere zveganda
- Kutadza kunyatsonzwa

Kushomeka Kwechikafu

Chikafuchinosvika pakumbo shomeka kunyuchi dzedu. Kana izvi zvaitikaizvi, mupfuyi we nyuchi anofanira kugadzira chikafu kuitira kuiti nyuchi dzake dzisafa nenzara. Tinogona kushandisa sugar ye white nehupfu

Magadziriro

- Fashaidza mvura woisa sugar 2 makapu pa 1 remvura wokurunga kusvika zvanzungudika. Isa ka $\frac{1}{4}$ teaspoon ke sauti pa litre imwe ye musanganiswa we mvura ne sugarkuitira kuti nyuchi dzako dzisaita manyoka.

Kupeta

Kufuyanyuchi iproject inogona kutipa mari pasina basa rakawanda rataita. Project iyi yakasiyana nemamwe atingaita munezvekurima nekufuya nekuda kwekuti haurambi uchingoifambira zuva nezuva kuti yave papi. Uyezve huchi haufe hwawandisa pamusika hunotoramba huchidiwa chete nekuti hunoitiswa zvakawanda.

Ndima Yegumi Nembiri: Kugadzurudza Chikafu (food Processing)

Zvinangwa Zvichidzidzo

- ✓ Kuziva kuchengetadza chikafu
- ✓ Kuziva kukosha kwe chikafu chatinodya
- ✓ Kuziva kuwandudza chikafu chakasiyanasiyana
- ✓ Kuziva kuomesa kwakanaka nezuva
- ✓ Kuziva kugadzira ma sola dryers

Nhangaruvanze

Varimi vazhinji tinorasikirwa negoho redu nekuda kwekuti misika haisi kuchatenga goho redu kana kuti mari irikusheedzerwa nemusika haisi kuchatiitira zvakana. Vamwe tinorasikirwa ne goho nekuda kwekuti michovha yekufambisa kuenda kumisika irikudhura kana kuti haipo zvachose. Zvose izvi zvinogona kuderedzwa bedzi kana tikatanga kuwandudza mbesa dzedu. Tino ona zvakare kuti mbesadzakawandudzwa dzinogara kwenguva irinane uye dzinotipa mari inenge nane pamusika.

Kukosha Kwekuwandudza Mbasa Kana Kuti Goho.

Kazhinji tinozviitira kutimbasa dzedudzirege kuora, uye kuti tisarasikirwe nekudya kunowanikwa mugoho redu. Tino wandudzawo zvakare kuti tikwanise kuwana zvinhu zvisinga wanikwe zvichibva mumaminda medu, semuenzaniso mafuta ekubikisa. Tinowandudzawo chikafu kuitira kuti chikafu chikwanise kuwanikwa nguva yachisinga wanikwe muminda yedu. Asi chikonzero chihombe chatino gadzurudzira chikafu kuti chirege kuti kuvadza pakuchidya kana chaane nguva chakohwiwa kubva pana amai vacho.

Murimi Avekuda Kuvandudza Goho Rake Anofanira Kukoshesa Zvinotevera:

Imba kana chishedhi chekuwandudzira

Mutemo haukurudzirekuti muri awandudzire goho rake pachena nekuda kwekuti rinozara ivhu kana tumwe tunokanganisa goho robva ratanga kushata. Imba yacho inofanira kuve ichipinda mhopo, uye iine chiedza chakafanira. Inofanira kuvewo ne kudziya nekutonhora kuri pakati nepakati.

Hutsanana

Pose pano gadzurudzwa chikafu kana kuti goho panofanira kuitwa hutsanana. Izvi zvinoitirwa kuti chikafu chetiri kugadzurudza chirege kuzopedzisira yave chefu. Uye kutichikafu chatiri kushanda chibude chine hunaku hunotambirika.

Mvurayatinoshandisainofanira kuve yakachena, hatitarisiri kuti mvura yamboita zvimwe ishandiswe pabasa rekuvandudza. Midziyo inoshandiswa ngaive yakachena uye iye isingabate ngura, nemhaka yekuti ngura pachayo imviromviro dzekukanganiswa kwe chikafu. Tinopedzisira nekutarisawo munhu wacho, hutsanana hunodiwa, nzwara ngadzichekwe, bvudzi ngarisungwe, kwete kungo svipa mate pose pose uye kana uine zvirwere zveganda kana mudumbu muno fambira ibva warega zvako.



Zvekushandisa

- Chimbuzi chinofanira kuve pedyo
- Pekugezera maoko posepatino pedza basa roga roga
- Zvekubatsira anenge akuvara
- Mbatya dzekushandisa kugadzurudza goho
- Zvipfuyo hazvibumiri kupinda patiri kushandira kunyanya imbwa ne katsi
- Chikafu chose chagadzurudzwa ne chisati chonofanira kufukidzirwa
- Kuputa panoshandirwa hakubvumidzwe

Goho Ratinoshandisa Kugadzurudza Naro

Ngaiite garo ziva kuti tikashandisa goho rave kuipa tino buritsawo chikafu chisina kunaka nekudaro hatigadzurudze chikafu nekuda kwekuti mbesa dzave kuda kuora kwete. Ngativei neruzivo rwaka kwana rezvatirikuda kugadzurudza.

Kukohwa Zvekushandisa

Tisanyanyo garisa zvatakohwa tisati tatanga kuzvigadzurudza, tinorasikirwa nechikafu. Pakukohwa tisa kuvadza michero yatiri kukohwa nekuti ndipo panozopinda napo utachiwana. Kana tisati tavekuda ku gadzurudza nekukurumidza, tinofanira kusiya tumibato (pedicel) pamichero kuti isakurumidze kuipa.

Kusarudza

Ngatisiyei tsika yekurovera kumwe zvekuipa, zvidiki, zvinechirwere. Izvi zvinoita kuti chikafu chatiri kuwandudza chirege kubuda chine hunyanzvi. Nekudaro tinofaniraku sarudza zvatiri kushandisa sekuti; zvidiki zvoga, zvaibvisa zvoga, zvakuvara pakutanha zvoga. Kana iri mirivowo tinenge tavekuti mashizha achembera oga, anezvipembenene oga zvichingodaro.




Kuomesa Mirivo Nemichero

Kana tave kuomesa mirivo nemichero ngativei nechokwadi chokuti zuva harina kunyanyo wanda nekuti zvinogona kuzochinja ruvara. Izvi zvinogadzirisika nyore kana tichishandisa solar dryer.

Kubikura (blanching)

Mimwe miriwo nemichero inoda kubikurwa isati yave kuyanikwa kuitira kuti irege kuchinja ruvara rwayo. Izvi zvinourayawo majemusi angada kukanganisa chikafu chedu. Kwatinoti kubikura kunyika muriwo kana muchero mumvura yakavira kwemaminiti mashoma zvichienderana ne chauri kubikura. Tinogona zvakare kushandisa hutsi (steam) inobva pamvura irikufashaira. Zvinoda sauti zvinogona kumwaiwa sauti, inotobatsirawo kutipedzamvura uye kuti zvisaore.



1. Sarudzai maglass amunoda kuisa momachenesa nekmaomesa musati mamaisa.
2. Isai tomato puree muma jars musanyanyo zadzisa siyai 3cm dzisina kuti ifeme.
3. Dirai 1cm yemafuta pamusoro mobva mavhara.
4. Rongedzerai munzvimbo inotonhoreraasi yakaoma

Flour Yembambaira

1. Sarudzaimbambaira dzakanaka
2. Dzigezei kusvika dzachena mocheke kuita tuzvidimbu tudikidiki
3. Moisa muma trays mozoisamu dryer
4. Kana aoma momakuya kuita hupfu
5. Moisa makachena makaoma

Lemon Juice

1. Svinai muto wema lemon
2. Bisai maranga kuitira kuti usare urimuto chete
3. Dirai muto muchidziyo che plastic kanakuti bhodhoro kusvika pa $\frac{3}{4}$
4. Isai 5 matable esugar mu 5ooml yemuto we malemon
5. Isai panzvimbo inotonhorera

Banana Chips


1. Menyai mabanana akaibva mobva maacheke cheka 2-3 cm
2. Isai mu traymoisamu dryer kusvika aoma
3. Kana aoma mobvisa morongedza
4. Pakuomesa munogona kupota muchinyika muhuchi hwakasanganiswa nelemon juice

Kuchengetedza Hunaku Hwechikafu

- Michero ngaisarudzwe, yakaora kwaro yakakuvara kwayo zvichingodaro
- Gadzurudzai chikafu muchishandisa zvakaibva
- Pekuchengetera panofanira kuve paka chena panopinda mhopo, uye pasingapinde zuva
- Hutsanana kubva pakutanga kusvika pakupedza basa
- Chikafu hachifanirwi kunyanyo ibvisa

Kuomesa Michero Nemirivo Tichishandisa Zuva



Kwemakore akawanda varimi vainanika michero nemirivo nezvimwe vachishandisa zuva. Asi ikozvino nekufamba kwenguva tavekushandisa zvinhu zvakaita se ma solar dryers kuomesa zvinhu. Zvichiitirwa utsanana uye kuti tiburitse chikafu chakanaka chinotengeseka.




Kucheka tumichero twekuomesa

Ngatichengetedze Kuitira Mangwana





tray yekuisira
Kurongedza Nekuchengeta



Kurongedza kunofanira kuitwa patinongo bisa kubva mudryer nekuti zvikaramba zviri panze zvinodhonza zvakare hunyoro kana kupindzwa nehudyi

Kurongedza nekuchengeta kunofanira kuitwa pasina hunyoro, mhengo uye zuva.

- Kuisa muma pepa e brown kana mabhodhoro kunobatsira kuti zvisa dikitira.
- Chikafu chakadzirwa ngachichengeterwe muzvidimbu zvidiki zvidiki kuitira kuti kana zvakanganisika zvisa kanganisika zvaka wanda
- Nyatso rongedzanemoyo unoda kuitira kuti zvisa tswanyika.
- Zvakanakawo kuisa zvinyora zvekuti chii chagadzirwa riini



**Ndimba Ye Gumi Netatu: Nzira Dzekuchengetedza
Nadzo Zvipfuyo Kubva Murwere Nezvishambwe**

Mavambo

Ethnoveterinary inzira yekudzivirira zvipfuyo kubva ku urwere kana zvimwe zvisambwe zvinokanganisa kurarama kwezvipfuyo kwakanaka. Nzira iyi inoshandisa ruzivo rwevanhu uye zvipikwa zvavo pakuchengetedza zvipfuyo. Ruzivo urwu kazhinji rwunowanikwa kubudikisa nekuita basa racho uye rwakapakurirwana kubva kumadzitateguru kusvika parizvino nenzira yekurairwa uye kudzidziswa nevakuru vedu. Kuzotanga kuda kuisa muzvinyorwa uye mamabhuku ruzivo urwu kwakatanga mumakore ekuma 1980.

Kubvira makore iwawo, tsvakurudzo zhinji dzakaitwa, magwarwo akawanda akanyorwa uye makungano ekudzidzi akawanda akaitwawo maererano nenyaya yedzidzo yekuchengetedzwa kwezvipfuyo tichishandisa zvakatikomberedza. Izvi zvakaita kuti ruzivo rwechidzidzo ichi rwusaparara zvachose. Kuuya kwakaitawo mishonga yechirungu kwaita kuti vechidiki vazhinji vasagutsikana uye kutevedza kudzivirirwa kwezvirwere nemakwenzi sezvaitwa nemadzitateguru avo.

Nyagwe hazvo pane kuzama kukurudzira nzira yekuchengetedzwa kwezvipfuyo tichishandisa zvakatikomberedza pasi rose, ruzhinji rwemagwaro rwakangonyorwa mumareports uye magwaro makuru anoita nema scientist. Mashoma magwaro akanyorwa kuti abatsire vanoshanda nemhuka kumaruwa, kuti vabatsire veruzhinji kuti vanzwisise nyaya idzi. Gwaro rino rinoda kubatsira kuvhara mukaha uwowo. Bazi guru rinoona nezveutano pasi rose (World Health Organisation) vanoti zvikamu zvisere kubva mugumi pasi rino rwe vanhu vanogara munyika dzichirikuda kubudirira vanobatsirikana zvikuru kwazvo munzira dzekushandisa ruzivo rwe madzitateguru kurapa zvirwere zvakasiyana siyana zvevanhu nemhuka.

Mishonga yekugadzirwa nemakwenzi iri nyore kuwana, kugadzira uye kupa kuzvipfuyo, uye ine mutengo mushomanana kana kutoshaya kumurimi. Nzira dze ethnoveterinary dzinosanganisira kudzivirira zvirwere, uye kurapa zvirwere, zvemukati uye zvekunze kwemuviri. Zvizhinji zvinoshandisa apa zvinosanganisira zvabva kumiti nezvimwe zvirimwa, uye inhu, kana zvimwe zvabvawo kune dzimwe mhuka.

Nzira Dzekudzivirira Nadzo Zvirwere Zvezvipfuyo Zvinofanirwa Kunge:

- Zvichiwanikwa munharaunda
- Zvisinganetsi kugadzira uye kupa kuzvipfuyo
- Zvisingadhure kana kuda mari yakawanda
- Zvichienderana nechitendero chevanhu venzvimbo iyoyo

Mukuona kunopenengura zvole, zvole zviripasi rino rose zvinorarama nezvisingararame zvinobatanidza, hapana chinorarama kana kuvapo choga. Izvi ichokwadi mukurapa kwedu kwechivhanhu, kunobatanidzira

Kurapwa kwe mhuka kuchishandiswa mishonga kana zvakatikomberedza uye njere dzinopasa kubva kumadzinza, zvakashandiswa kubva makare makare. Kusati kwatangwa mushonga yemuzvitoro, vanhu vazhinji vaishandisa njere kutsvaga mishonga inorapa mhuka dzavo kubva munjere dzitambidzanwa kubva madzitateguru. Nyangwe hazvo mazuva ano vanhu vazhinji vava kushandisa mishonga yemuzvitoro, variko vakati wandeiwo kunyanya kumaruwa varikushandisawo mishonga yekuchera musango.

Zvikonzero zvakanyorwa pasi apo, ndizvo zvinoita kuti vanhu vashandise mishonga yemusango kurapa mhuka dzavo.

- Mishonga yemuchitoro inodhura, zvinoita kuti isakwaniswa kutengwa nevazhinji vemumaruwa.
- Mishonga inobva kumuti arinyore kuwana uye kushandisa
- Kushandisa mishonga yemiti zvinokurudzirwa zvakanyanya mukurima kwe organic farming
- Mishonga yemiti uye ruzivo runobva kumadzitateguru rwunoita kuti tiwane kuchengetedzwa kwezvipfuyo zvakanaka zvinopa pundutso.
- Kushandisa mishonga yemusango uye njere dzakapuwa kubva kumadzitateguru zvinoita kuti zvipfuyo zvikure zvakanaka uye kubereka zvinotarisirwa.

Kutanga Kwakaita Kurapwa Kwezvipfuyo Tichishandisa Miti Yemusango

- Chidokwadokwa chekuda kuziva
- Kuramba vanhu vachizama uye kuyedza zvakasiyana siyana kusvika vawana chinorapa
- Kutarisa uye kuongorora marapiro aitana mhuka kana dzarwara, e.g. kurapa kwenyoka
- Hurukuro pakati pevanhu nekupanana ruzivo maererano nemarapirwo emhuka
- Kuongorora zvakasiyana siyana, kurotswa uye masvikiro
- Mishonga kana marapiro ekushandisa njere dzemadzitateguru vs marapiro emushonga yemuchitoro kana kuti inozvanzwo kutevedzwa (orthodox)
- Marapiro ekushandisa njere dzemadzitateguru kwakagara kuriko asi sei kurikundwa nemarapiro ekushandisa mishonga yemuchitoro:

